ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№241 (23.399) ● 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 14, бзэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и ФСБ-м и Іэтащхьэ БОРТНИКОВ Александр:

КЪБР-м и щІыналъэм къанэ щымыІэу щагъэкІуэдащ террорист гупхэм я унафэщІхэр

Мы гъэм Урысей Федерацэм къыщыІэпаудащ террорист щІэпхъаджагъэу 42-рэ. Террорым пэщІэт лъэпкъ комитетым (НАК) и унафэщІ, Урысейм и ФСБ-м и Іэтащхьэ Бортников Александр НАК-мрэ Федеральнэ оперативнэ штабымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІа зэІуищІэм а хъыбарыр хэІущІыІу щищІащ.

«ХАБЗЭХЪУМЭ органхэмрэ къарузехьэ Іэнатіэхэмрэ ипэ къикухэу ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм кьапыкІ фІагъым хэхъуащ. Зэдзэпэныкъуурэ абыхэм къыІэпаудащ террорист унэтІыныгъэ зиІэ щІэпхъаджагъэ 42-рэ», - жиІащ абы.

Бортниковым и псалъэхэм къыІэрыхэщамкІэ, террорист Іуэхугъуэхэр къыщыІэпаудащ, транспортымрэ щІыкІу куэд здэщыІэ щІыпІэхэмрэ. НАК-м и унафэщІым щолажьэ къезыгъаІ, дэІэпыкъуэгъу псынщІэ къулыкъуэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий пщэрылъ ящищІащ Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм газыр къыщыуам лей зытехьахэм сыткІи щІэгъэкъуэн яхуэхъуну

Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм АфІэунэм и цІэкІэ щыІэ уэрамым тет унэм дыгъуасэ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 55-м газыр къыщыуащ.

ФЭЖЬ эзымыІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ цІыхуиплІым, сабиитІ яхэту. Лей зытехьахэр яшащ Республикэ клиникэ сымаджэщым мафІэс зиІэхэм щеІэзэ и центрым. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, абыхэм я щытыкІэр хьэлъэщ.

ЩІыналъэм и унафэщІым яхуигъэващ газыр къыщІуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІыну. Насыпыншагъэ къыщыхъуа щІыпІэм щолажьэ къезыгъаІ, дэІэпыкъуэгъу псынщІэ къулыкъуэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

● КЪБР-м и Парламентым

Унэкіэ нэхъ хуэмыщІахэм къэралыр ядоІэпыкъу

2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр псэупІэрэ коммунальнэ хозяйствэм и ІуэхутхьебзэхэмкІэ къыщІэпэщыныкъэ» къэрал программэр гъэзэщІа зэрыхъуам, а Іуэхум хэлъ гугъуехьхэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым и президиумым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа щІэщІам. Абы доклад щищІащ республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, къэрал программэр зытеухуар КЪБР-м ис цІыху гуп зэмылІэужьыгъуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыныгъ. Апхуэдэхэм хеубыдэ унагъащІэхэр, къэралым зыхуигъэувыжа кьалэн хэхаХэр зыхуэгъэза цІыхухэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, дзэ зэпэщІэувэныгъэ щхьэхуэхэм я ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэр зиІэ унагъуэхэмрэ, къэрал кьулыкъущІахэр, Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гузэвэгъуэм, абы палъыт адрей гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжыным хэтахэр, Ищхьэрэ ЩІыналъэ пхыдзам, абы пащІ адрей щІыпІэхэм къикІыжахэр, нэгъуэщІхэри. А псоми къадэкІуэу, унэ кхъахэхэм щыпсэухэм ягъэІэпхъуэн, сабиищ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм унэ щащІын икІи унагъуэ хозяйствэр щызэрахъэн папщІэ хуэхъ щІы Іыкъэхэр зыхуэфащэ инфраструктурэкІэ къызэрагъэпэщын хуейщ.

2016 гъэм и апэ мазипщІым кьриубыдэу республикэм псэупІэ унэу метр зэбгъуэзэнатІэ мин 270-м нэблагъэ хьэзыр щащІащ (2015 гъэм и апэ мазипщІым ельытауэ процент 110-рэ). Ухуэныгъэхэм ящыщу цІыхухэм езыхэм я ахъшэкІэ е къащта щІыхуэкІэ метр зэбгъуэзэнатІэ мин 230-м щигъу (псэупІэ унэу хьэзыр ящІам и процент 85,3-р) ящІащ. Апхуэдэу хьэзыр хъуащ псори зэхэту метр зэбгъуэзэнатІэ мин 39,7-рэ хьэзырыкІ фэтэр куэд хъу унэ 19, цІыхухэм я ахъшэкІэ иратегъэщІауэ. Зэрыщыту илъэсыр ихьыку республикэм щызэфІагъэхьэн хуейщ псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ 397,5-рэ. Докладым къызэрыхъущамкІэ, ухуэныгъэхэм адэкІи заубгъунущ икІи дызыхуэкІуэ илъэсым псэупІэ унэу метр зэбгъуэзэнатІэ мин 409-рэ (2016 гъэм ельытауэ процент 103-рэ) ящІынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

ЩІалэгъуалэм трагъащІэ

КЪБР-м и Правительствэм зэхэригъэпэщауэ мэлажьэ Хабзэр къызэІэпамыдыным кІэлъыплъ комиссэ, ди республикэм и Іуэхущ1ап1э зыбжанэхэм я лЫкІуэ хэту.

А КОМИССЭМ и зэІущІэ дыгъуасэ республикэм и Правительствэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алийрэ** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхмкІэ и министр **Емуз Нинэрэ**.

ЗэІущІэм Іуэхуищым щыхэплъащ. ЩІалэгъуалэм зауэныным, еджапІэрэ лэжьапІэрэ я1эним теухуауэ къэпсэльащ ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкі Къбр-м и министрым и къуэдзэ **Геккиев Султіан**, КъБМУ-м и ректор **Апажэ Аслъэн**, КъБКъУ-м и ректор **Алъуд Юрий** сымэ.

Ахэр тепсэлъыхьащ иужьрей илъэсхэм еджапІэ нэхъыщхьэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, екъулІэныгъэу яІэм, Іуэху щІэщІыгъуэу къыхалъхьахэм.

Балигъ ныбжьым нэмысахэм хабзэр къызэрызэпаудым, наркотикхэкІэр зэрызрахьалІэм ирипащІэну республикэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, иужьрей илъситхум нэхъ зызыубгъуа щІэпхъаджагъэхэм я гугъу ящІащ республикэм щыІэ МВД-м и полицэм и унафэщІым и къуэдзэ **КІэрэф Роберт**, КБР-м уэншагъэр хъумэныкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Асанов Алим**, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкі Къбр-м и министрым и къуэдзэ **Геккиев СултІан**.

КъБР-м граждан жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм ядалэжьэныбжь лъэпкъ Іуэхуэхмкі и управленэр республикэм и дин Іуэхущ1ап1эхэм зэрадэлажьэм тепсэлъыхьащ **КІурашин Анзор**.

ФЫРЭ Анфисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий пщэрылъ ящищІащ Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм газыр къыщыуам лей зытехьахэм сыткІи щІэгъэкъуэн яхуэхъуну

Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм АфІэунэм и цІэкІэ щыІэ уэрамым тет унэм дыгъуасэ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 55-м газыр къыщыуащ.

ФЭЖЬ зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ цІыхуиплІым, сабиитІ яхэту. Лей зытехьахэр яшащ Республикэ клиникэ сымаджэщым мафІэс зиІэхэм щеІэзэ и центрым. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, абыхэм я щытыкІэр хьэлъэщ.

ЩІыналъэм и унафэщІым яхуигъэващ газыр къыщІуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІыну. Насыпыншагъэ къыщыхъуа щІыпІэм щолажьэ къезыгъаІ, дэІэпыкъуэгъу псынщІэ къулыкъуэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий иригъэкІуэкІащ АПК-мрэ къуажэ щІыпІэхэм зэпІэзэрыту зауэныкІэ Правительствэм и комиссэм и зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий дыгъуасэ Мэзкуу щриІэкІуэкІащ агропромышленнэ комплексымрэ къуажэ щІыпІэхэм зэпІэзэрыту зауэныкІэ Правительствэм и комиссэм и зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

«УРЫСЕЙ Федерацэм и агропромышленнэ комплексым щІэныгъэ-технологие зыужьныныгъэ 2030 гъэ пщІондэ игъэутыну зэрыхуагъэфащэм и проектым», нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм зэІущІэм щыхэплъащ.

Мэкъумэш хозяйствэм фІыуэ зэрызыужьыр щыІэтепІыгъэфынур иджырей щІэныгъэ лъабжьэ уиІэмэщ, къыхигъэщащ урысей правительствэм и унафэщІым. Гу лъаригъэтащ селекциегенетикэ центрхэр, Іэщ лъэпкъыфІхэр щыІэзфІагъэувэж щІыпІэхэр къызэгъэпэщын, нобэрей электроникэр, робототехникэр зи лъабжьэ технологие пэрытхэр къэгъэсэбэпын, зэфІэкІ лъагэ зиІэ Іэщ1агъэлІхэр гъэхьэзырын зэрыхуейм. «Абы папщІэ мэкъумэш вузхэм къэрал заказ яхуэзэхгъэувэн хуейщ. Абыхэм я щІэныгъэ къэхутэныгъэмрэ егъэджэныгъэ программэхэмрэ рынокыр зыхуэныкъуэр кьанэ щымыІэу кьыщалъытапхъэщ», - къихигъэщащ премьерым.

Хамэ къэралхэм къыщыщІагъэкІэхэр зэрахъуэж Іэмалхэм ящыщ зыуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэсэбэп хадэхэкІхэм елэжьыныр. Мы гъэм псори зэхэту тонн мин 415-рэ кърахьэлІащ. Тонн мини 170-м нэблагъэр КЪБР-м нэгъуэщІ щІыпІэхэм иригъэшэнущ, ар импортым и проценти 8 мэхъу. 2020 гъэм ирихьэлІэу хадэхэкІхэм хухахынур гектар мин 30-м нагъэблагъэнущ, кьалэжьыр тонн мин 750-м нагъэсынущ, республикэм ирыраГъэшынущ тонн мин 450-м щІигъу, е урысейпсо импортым и процент 20,6-р. А лІэужьыгъуэхэр хъума хъун папщІэ лажьэу яутІыпщащ оптовэ-щагуэш центр ин дыдэ хадэхэкІ тонн мин 75-рэ илъэсым къыщагъэкІыу, щахъумэу, щелэжьу, щыізэкІуэцІалъхьэу икІи щащэу. Ар хуэуэнэтІащ мэкъумэшыщІэхэм я деж хадэхэкІыр къыщащэхуу иужькІэ ящэжыным.

Иужь илъэсищым (2014 гъэм щыщІэдзаэу 2016 гъэ пщІондэ) КЪБР-м щагъэтІысащ жыг хадэу гектар мини 4,5-рэ, абыхэм ящыщу гектар мини 4,1-р, е процент 90-р, псынщІэу зызыужьхэщ. Пхъущхьэмышцхьэ хъумапІэу 12 яухуащ тонн мин 66-м щІигъу щІэхуэну. УнэтІныныгъэ нэхъыщхьэр - Іэщ1агъэлІхэр гъэхьэзырынраща. Агротехнопарк ин ухуэныр и кІэм нэблагъащ. Иджыпрэ комплексым хэтщ лэжьапІэ цІыкІуэр, лабораторэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ щІыпІэхэр, кьищынэмыщІауэ хуабгъэцхэмрэ Іэщ фермэхэмрэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, щІыналъэм щагъэзащІэ щІэныгъэр, егъэджэныгъэр, мэкъумэш хозяйствэм и лэжьыгъэр зэхъуэрэзыувэным и программэ зэхэтыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Бахъсэн щІыналъэ

ЦІыхухэм щаІущІэ махуэ хэха

Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм Бахъсэн щІыналъэм щекІуэкІащ цІыхухэм щаІущІэ урысейпсо махуэ хэха. Район администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэм Іуэху щІэну Іэмал ягъуэтащ цІыхуи 10-м, иджыри 19-м щыпсэу щІыпІэхэм зыщыхуагъэзащ кьуажэ администрацэхэм.

БАХЪСЭН щІыналъэм щыпсэухэр цІыхухэм щаІущІэ урысейпсо махуэм нэхъ игъэпІейтейр мэкъумэш щІалІэу щыт щІыхэр кьеІыха зэрыхьуным, я псэукІэр егъэфІэкІуэным, мылъку зэрахуримыкъум.

Щахуэзам цІыхухэм зэпкърыхаУэ гурагъэІуащ зыгъэгъазавэ Іуэхугъуэхэр зэрызэфІагъэкІыну щыкІэр. Языныкъуэхэм абдежым мылъкукІэ щадзэІэпыкъуащ.

ЧЫПЛАР Аринэ,
Бахъсэн мунуципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-ІэнатІэм и унафэщІ.

Нэхъыфі псори - сабийхэм!

Дзэлыкъуэ районым иджыблагъэ щекІуэкІащ зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийхэм къыхуэзрагъэпэща махуэшхуэ.

ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ дэт Щэнхабзэмкі эмкІэ щекІуэкІа гуфІэгъэуэ зэхьыхьам кьахуеблэгъат Сабийхэм я хуитынкъэмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ **Іуэгъуэ Светланэ**, Дзэлыкъуэ район администрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан**, щІыналъэм и щІыпІэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ **Елчэпар МуІэед**, Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и район кьудамэм и унафэщІ **Урысмамбэт Шафихь**, КЪБР-м и Пен-сэ фондым и кьудамэу Дзэлыкъуэ районым щыІэм и унафэщІ **Мамбэт Люсэ**, район администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ **КъуэщІысокъуэ Іэсият**, щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэхэр, кьуажэ администрацэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм я пащхьэм къыщыщІыспсалъэм Джатэ Руслан, псом япэрауэ, фІыщІэ яхуищІащ адэанэхэм, адрейхэм кьащхьэщыкІыу зи узынщагъэмкІэ «щхьэхуэныгъэ» гуэрхэр зиІэ сабийхэр хуэфащэн гулыытэ хуащІу зэрапІымкІэ.

- Ди сабийхэр зыІууэ гугъуехьхэр дэ псоми зэгъусэу зэфІэтхын хуейщ. Жылагъуэр, кьуажэ, район администрацэхэр, социальнэ лэжьакІэхэр, егъэджакІуэхэр - псори дызэрыщІэу дызэдэлэжьэн хуейщ ди щІэблэм я гъащІэр нэхъыфІ, щІэщыгъуэ тщІын папщІэ. Сабийм зыхищІэн хуейщ щІыхуфІхэм, гуапэхэм кьызэрауэрыгъуейхьыр. Абы я зэфІэкІым зедгъэужьныр, щІэныгъэ, гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэтлъхьэныр кьалэн нэхъыщхьэу диІэщ. Дэтхэнэ зыми тхуэзэфІэкІыр тщІэмэ, жылагъуэм хуэфащэн щІыху кьаззэрыхэкІынум шэч хэлъкъым, - жиІащ Джатэм.

Апхуэдэу абы фІыщІэ яхуищІащ жэуаплІныгъэр зыхащІэу сабийхэм я нэІэ тезыгъат Іуэхущ1ап1эхэм я лэжьакІуэхэм.

- Нобэ районым кьыщызэрагъэпэща махуэшхуэр щыхьэт тохьуэ сабийхэм я хуитынкъэмкІэ декларацэм кьыщыгъэлъэгъуа Іыхьэ нэхъыщхьэр - «жылагъуэм нэхъыфІ псори цІыкІухэм яритын хуейщ» жыхуиІэр - зэрагъэзащІэм. Согугъэ а хабзэ дахэм адэкІи кьыпыфщэну. Зи псэ хуабагъэкІэ сабийхэм ядэгъашэ анэхэр гуфІэгъуэ, ехьулІэныгъэ, гуапагъэ фыщымыщІэу фыпсэну си гуапэщ, - жиІащ Іуэгъуэ Светланэ.

ЦІыкІухэм я махуэшхуэм кьахуеблэгъат фІыуэ ялъагъу таурыхьхэм хэт лІыхъужьхэр: Джек Воробей («Пираты Карибского моря»), Фионэ («Шрек»), псоми фІыуэ ялъагъу Миньон цІыкІу, клон нэфІэгугфІэр. Абыхэм джэгуакІэ, зэпеуэ, кьафэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщри, сабийхэми балигъхэми я нэгу зрагъэужьащ.

НыбжьыщІэхэм ІэфІыкІэ Іэнэ хуагъэуващ, саугъэтхэр тыгъэ хуащІащ.

Махуэшхуэр къызэрагъэпэщащ Дзэлыкъуэ щІыналъэ администрацэмрэ районым Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэрэпэщыныкъэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и центрымрэ. Абыхэм мылъкукІэ зыщІагъэкъуащ ОМВД-м, ОВО-м, «Псынэдахэ» СХПК-м, «СВ+» ООО-м, хьэрычэтыщІэхэу Махуэлі А., Джэдмышх М. сымэ.

Псори зэхэту районым щопсэу зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийуэ 207-рэ. Махуэшхуэм кьрихьэлІэфар цІыкІуи 108-рэщ. ЦІыхьэсыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ абы хэмытыфа сабийхэр я унэхэм щагъэгушхуащ.

ЩОКЪУИЙ Іэминэ.

КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм хэтхэм 2016 гъэм дыгъэгъаззэм и 7-м Іэ зэрагъэтам ипкъ иткІа, «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэхэмкІэ я хуитынкъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ яІэ хуитынкъэхэмрэ къызэрэпэщынымкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям, «КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 3-нэ статьям, КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и Регламентым и 9-нэ, 10-нэ, 41-нэ статьяхэм тету, КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІу Джэш Вячеслав, абы и къуэдзэу Евтушенкэ Сергей, комиссэм и секретару Джаппуев Мусса сымэ хахащ.

Джэш Вячеслав Мыцэ и къуэр

КъБР-м хыхьэ Шэрэдж районым и Жэмтхьэлэ къуажэм 1955 гъэм щыщылъэм и 30-м къыщалъхъуащ.

1981 гъэм КъБКъУ-р, 1991 гъэм Андропов Ю. В. и цІэр зезыхьэ, Бэракъ Плъыжь орден зрата институтыр, 2009 гъэм - УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и юридическэ университетыр кьиухащ. КъБР-м щІыкІ зиІэ и юристщ. 1973-1975 гъэхэм СССР-м Іэщ1кІэ Зэщ1эуэзэда и Кьарухэм кьулыкъу щищІащ. 1981-1982 гъэхэм Налшык кьалэм и Октябрьскэ районым и комсомол комитетым и инструктору щытащ. 1982-2007 гъэхэм республикэм и хабзэхъуэмэ органхэм хэтащ. 2007 гъэм КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэу хахащ. 2010 гъэ лъандэрэ КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІщ.

Унагъуэщ, бынитІ иІэщ.

Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэр

Налшык кьалэм 1974 гъэм фокІадэм и 25-м къыщалъхъащ. 1996 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къиухащ. Экономикэ іэнэныгъэхэм я кандидатщ.

1996-2004 гъэхэм КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм щылэжьащ. 2004-2010 гъэхэм КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІым и къуэдзэу щытащ. 2009 гъэм КъБР-м и Парламентым и депутату хахащ. 2010 гъэм КъБР-м ПромышленностымкІэ, связымкІэ, информатизацэмкІэ и министру яГъуэващ. 2011 гъэ лъандэрэ КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ.

Унагъуэщ, бынитІ иІэщ.

Джаппуев Муссэ Хьисэ и къуэр

1985 гъэм щыщылъэм и 9-м Тырныауз кьалэм къыщалъхъащ. 2007 гъэм Москва дэт къэрал университетыр юриспруденциэ Іэщ1агъэмкІэ къиухащ.

2007-2014 гъэхэм къэрал властым и органхэу щІалэгъуалэ политикэр гъхьэзырыным пщІэхэм щылэжьащ. 2014-2016 гъэхэм КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІэуІ политикэмкІэ и управленэм щыІащ. 2016 гъэ лъандэрэ КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и секретащ.

Унагъуэщ, бынитІ иІэщ.

НОБЭ

♦Академик Сахаров Андрей и фэеплъ махуэщ. Совет физик, жылагъуэ іэжьакІуэ щІэрыІуэ, Нобель сагъэтым и лауреат Сахаров Андрей 1989 гъэм дунейм ехьжащ.

♦1695 гъэм къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм кьыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Алий (Михаил) Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генераллиссимусу хахат. (Абы щыгъуэ ар дзэм и кьулыкъу нэхъыщхьэт).

♦1799 гъэм дунейм ехьжащ США-м и апэ президенту щыта Вашингтон Джордж.

♦1825 гъэм Санкт-Петербург и Сенат утыкум къыщызэрыІэтащ къэралым зэхъуэкІныгъэшхуэхэр щегъэкІуэкІын хуейуэ къэзыгъэувэхэр. Ахэр цІыху миницым щІигъурт. ЗэхъуэкІныгъэхэм я нэхъыщхьэр къэрал унафэр пащтыхым кьыІэщІэхьныныкъэ пщыІыгъэр гъэкІуэдыныкъэт.

♦1844 гъэм Порт-Петровск кьалэм (иджырей Мэхъэчкьалэм) и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1911 гъэм Норвегием щыщ къэхутакІуэ Амундсен Руаль апэу Ипщэ полюсым нэсащ.

♦1939 гъэм СССР-р Лъэпкъэм я лигэм кьыхагъэкІыжащ, Финляндием зэрезаУэмкІэ яГъэкъуанэри.

♦1943 гъэм ВКП(б)-м и ЦК-м и унафэкІэ къащтащ СССР-м и Къэрал гимныр.

♦1947 гъэм къыдэкІащ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ «Ахъшэ реформэ егъэкІуэкІыныкъэ ерыскъыу, промышленнэ хьэпшыпхэр къызэращэху карточкэхэр къэмыгъэсэбэпыжыныкъэ ятеухуауэ» я Унафэр.

♦1955 гъэм ООН-м хагъэхьащ Австрие, Албание, Болгарие, Венгрие, Иордание, Ирландие, Испание, Италие, Камбоджэ, Лаос, Ливие, Непал, Португалие, Румыние, Финляндие, Шри-Ланка къэралхэр.

♦1975 гъэм Камбоджэ къэралым зэреджэр Кампучиеж жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щІэныгъэм тету джыным япэу зезыпщытахэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм я алфавит зэхэзыльхьа Услар Пётр къызэралъхуэр илъэс 200 ирокъу.

♦Индием щыщ актёр цІэрыІуэ, режиссёр, зи сценарийрэ зи мылъкукІэ фильм куэд траха Капур Радж къызэралъхуэр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, КъБР-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бекъул Леонид къызэралъхуэр илъэс 80 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градусу 8 - 7, жэщым градус 11 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

МафІэсрэ псыдзэрэ уадэмыджэгу.

Унэкlэ нэхъ хуэмыщlахэм къэралыр ядоlэпыкъу

(КlэухыР. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Я псэупlэхэр ирагъэфlакlуэхэм папщlэ 2016 гъэм щышылэм и 1-м ирихьалlэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цlыху 11612-рэ щыlащ. Тутыкъу Анзор и докладым къызэрыхэщамкlэ, нобэм ирихьалlэу абыхэм Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ящыщу зыри яхэтыжкъым, сыту жыпlэмэ «1941 - 1945 гъэхэм екlуэкlа Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр псэупlэ къызэрэпэщыным и Іуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкlа Указыр ягъэзащlэуэрэ, федеральнэ бюджетым и хьакъкlэ 2016 гъэм къэралдзэпыкъуныгъэ ираташ икlи зауэм и ветеранхэу, абыхэм я цыхьэгъусэхэу 17 псэупlэкlэ къызэрагъэпэщащ.

Ищхьэрэ Щlыналъэ пхыдзам, абы пэлъыта щlыпlэхэм къыlэпхъуныкъажахэм ящыщу 2-м къэралым и псэупlэ сертификатхэр ираташ, нэгъуэщlу зы унагъуэм дызыхуэкlуэ илъэсым апхуэдэ сертификат хухахынущ.

Дзэ зэпэщlэтныныгъэ зэмылlэужьыгъуэхэм я ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зиlэ унагъуэхэм ящыщу 2005 гъэм щылышылэм и 1-м нэсыкъу учlэшу увахэм яхиубыдэ цlыху 28-м дызэрыт илъэсым субсидиеихэр хухахащ. 2017 гъэми апхуэдэ цlыху 24-м зыщlагъэкъуэнущ.

«Унагъащlэхэр псэупlэкlэ къызэгъэпэщын» программэм ипкъ иткlэ субсидиехэр хухахащ унагъуэ 259-м. А ахъшэр псэупlэ унэ къэщхъуным е щlыным, апхуэдэу ипотекэ кредитыр пшынижьыным трагъэкlуадэ хъунущ. Унагъащlэхэм дызыхуэкlуэ илъэсми апхуэдэ субсидиеу 247-рэ хухахынущ.

Министрым зэрыжиlамкlэ, гулъытэ хэха хуащl сабийуз 3 е нэхъыбэ зиlэ унагъуэхэр псэупlэхэр зыращlыхьын щlы Іыхьэхэмкlэ къызэгъэпэщыным. Апхуэдэ унагъуэхэм я лъэпхъэм дэнэ щlыпlи щыхэпльащ икlи щlы зратынухэм я спискэхэр щlыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм къащтащ. Спискэхэр ираухьащ и районхэмрэ жылагъуэхэмрэ я щlыналъэ администрацэхэм я официальнэ сайтхэм. 2016 гъэм щэкlуэгъуэм и 1-м ирихьалlэу апхуэдэ спискэхэм 2853-рэ иташ. Дызэрыт илъэсым хиубыдэу абыхэм ящыщу 1018-м (къэлъэlуахэм я процент 36-р) щlапlэхэр ираты нущ. Унагъуэ 686-м щы Іыхьэхэр щlышылэ-щэкlуэгъуэ мазэхэм яхиубыдэу ираташ, адрей унагъуэ 332-ми илъэсыр имыухыу щы Іыхьэхэр ираты нущ.

Докладым щытепсэлъыхьым президиумым хэтхэм зэрыжиlамкlэ, цlыхухэр псэупlэкlэ къызэрэпэщынымкlэ лэжьыгъэшхуэ ираГъэкlуэкl пэтми, 2013 - 2020 гъэхэм ятещlыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр псэупlэкlэ къызэгъэпэщынымкlэ къэралпрограммэр гъэзэщlэным трагъэкlуэдэн папщlэ ахъшэр яхурикъуркъым, апхуэдэу Іыхьэ хуэмыщlагъэхэр зыщlагъэтlысхьэжьын (социальнэ) псэупlэхэр яхуэщlыркъым.

Зэlущlэм апхуэдэу къащlыхагъэщащ кlалэм дэт общежитхэм щlэсхэр гъэlэпхъуэныжьмкlэ, ахэр къызыщlэкlа унэхэр унагъуэхэр щыпсэун хуэдэу зэгъэпэщыжьныжьмкlэ лэжьыгъэхэр хуабжьу къызэрыкlэрыхуР. Апхуэдэу гулъытэ хуащlыркъым цlыхухэм уасэ езэгърабгъукlэ бэджэнду къащтэфыну фэтэрхэр ухуэным.

Зи псэупlэр езыгъэфlэкlуэн хуей цlыхухэм ираТ дэlэпыкъуныгъэ зытещlыхьаР зыщlэсын унэ ящын е къащхэун папщlэ абыхэм къащта кредитхэм проценткlэ щхьэщатыкl ахъшэм щыщ Іыхьэр республикэм и бюджетым и хьакъкlэ яхуэпыныжьныгъ. Ауэ апхуэдэжьм я спискэри 2007 гъэм къащтауэ щытати, абы иужькlэ щlэуэ зыри хагъэхьакъым.

КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкlэ, экологиемкlэ, щlыуэпсыр къэгъэсэбэпныныкlэ, щlы Іэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщl Мокаев Кемал щlэупщlащ зи псэупlэхэр ирагъэфlакlуэхэм ират унэхэм я щытыкlэм: ахэр зыхуей псомкlи къызэгъэпэща е щlэрыщlэу зэгъэпэщыжьын хуейхэр яхэт? Коммерческэ унэхэм я гугъу пщlымэ, жиlащ Тутыкъу Анзор, унэр зэхэдзауэ езыгъэщlэжьмэ ар зыхуэхэсымрэ зэращlыилlэ контрактым лъэныкъуитlыр зэрызэгурыlуа псори иратхэ. Ауэ унэ къхьахэсм къыщlагъэlэпхъуэкlэмрэ сабий зеиншэхэмрэ папщlэ ящl фэтэрхэр нэгъэсауэ къарадЖыкl, уеблэмэ пщэфапlэм унэлъащlэ гъэрхэр щlагъэувэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим гу лъитащ ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиlэ унагъуэхэм псэупlэ етыныр хуабжьу кlыхьлlыхь зэращlым. «Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкlэ, ди щlыналъэм нэхърэ ныкъуэдыкъуэхэр нэрылъагъуу щыпэжьыбэхэр щlыlэщ икlи абыхэм ящыщу фэтэрхэр зрамытыхэхэр кlыохкl. Дэ апхуэдэ бгъэдыхьэкlэмкlэ дыарэзыкъым, ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу дэтхэнэри дэlэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу къыдолытэ. Ауэ зэкlэ къэралым щызэекlуэ методикэр дэри къэдмигъэсэбэпыну дыхуиткъым», - жиlащ министрым.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ щlэупщlащ «КъуэкlыпlэМ» хьэблэр ухуэным пыщlауэ зэфlагъэкlхэм. Министрым зэрыжиlамкlэ, хьэблэщlым и инфраструктурэр зэтегъэувэным сом мелардищым щlигъу текlуэдэнущ. Зэкlэ трансформатор станцыр ягъэувауэ аращ. Псы фlейхэр щагъэкъэбзэну Іэнатlэр ящlын, гъуэгуфэр яухуэн, газымрэ псымрэ зрикlуэну бжьамийхэр яукъудинх хуейщ. А псори нэхъ тэмэму зэфlэкlын папщlэ республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствомкlэ и министерствэм и мурадщ 2015 - 2020 гъэхэм ятещlыхьа «Псэупlэ» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэ «Урысей Федерацэм и субъектхэм псэупlэхэр ухуэным зыщагъэхуэныкlмкlэ программэхэр пхыгъэкlынымкlэ программэ къуэдзэм зыхригъэтхэну. «Абы щыпхыкlын папщlэ къыхуагъэувэхэм республикэм сыт и лъэныкъуэкlи хуокlуэ икlи къыкlэлъыкlуэ гъэм псори зэпэщыну дыщогъуу», - жиlащ Тутыкъу Анзор.

Іуэхум щытепсэлъыхьым къаІэта псори зэпалъытыжри, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиlэу къалъытахэр КъБР-м и Парламентым и президиумым и унафэм хагъэхьащ.

Президиумым и зэлущlэм апхуэдэу щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlыкlмэ и кодексым и 14-нэ статьям зэхуэныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар зытеуухуар ираГъэкlуэкl пэтми, 2013 - 2020 гъэхэм ятещlыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр псэупlэхэр къызэгъэпэщынымкlэ лэжьыгъэшхуэ зрагъэкlуэкl пэтми, 2013 - 2020 гъэхэм ятещlыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр псэупlэхэр къызэгъэпэщынымкlэ лэжьыгъэшхуэ хухах щы Іыхьэхэр нэхьыбэ дыдэу е нэхъ мащlэ дыдэу зэрыхьын хуейр зэрауbrowзыху мардэжр гъэувыныр щ.

Депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фlэкlыпlэ зимыlэ медицинэ страховани эмкlэ и щlыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукlэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектым. Парламентым и комитетым и унафэщl Афэщlагъуэ Михаил зэрыжиlамкlэ, ар кхъухлъхьэн хуей щlэхъуар фlэкlыпlэ зимыlэ медицинэ страховани эмкlэ фондым илъэс къэс иlэн хуей страховой гъэтlыпlтlыгъэр сом мин 440850,6-м нэсу нэхъыбэ зэращlарщ.

Къагъэхьа документхэм хэплъари, депутатхэм унафэ хъащтащ экономикэм, жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм я Іэнатlэхэм ехъулlэныгъэ нэрылъагъуэр щызиlэ цlыху щхьэхуэхэм КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Зэлущlэм нэгъуэщlу Іуэху зыбжанэми щыхэплъащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущlапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыlэ Щlалэгъуалэ палатэм 2014 - 2016 гъэхэм иригъэкlуэкlа лэжьыгъэм кърикlуахэм я Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещlэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыlэ Щlалэгъуалэ палатэм 2014 - 2016 гъэхэм иригъэкlуэкlа лэжьыгъэм кърикlуахэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыlэ Щlалэгъуалэ палатэм и унафэщl Шестирублёв С. Н. къыхилъхьа информацэр къэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и пщэ илъхьэн КъБР-м и Парламентым и деж щыlэ Щlалэгъуалэ палатэм щlэуэ (етхуанэ хэхыгъуэу) хахахэм я лэжьыгъэр зэтегъэувэнымкlэ зыхуэфащэ Іуэхухэр зэфlигъэкlыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм щэкlуэгъуэм и 24-м
№590-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм щэкlуэгъуэм и 22-м ***Налшык къалэ*** ***№623-рп***

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм фокlадэм и 11-м къыщта унафэ №563-рп-м и пункт 4-м зэхуэдlыныгъэ хэлъхьэн икlи абы хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и яп къуэдзэ Дадэ М. А.» псалъэхэр зэхъуэкlын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.» жиlэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэ округыр псыкlэ хъызэрызэрагъэпэщ, псы фlейкэр зэрыщlаш системэхэр къэгъэщlэрэщlэжьыным, къэгъэсэбэпыным теухуа предпринятиелхэр зэрыщlэныжьмкlэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, ищхьэкlэ къыщыгъэлъэгъуа унафэм икlи иткlэ хъащтам, мы къыкlэлъыкlуэ зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) ведомствэхэм зэдай комиссэм хэгъахьэн мы къыкlэлъыкlуэхэр:

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэр (ведомствэхэм зэдай комиссэм и унафэщlщ)

«Звездочка» сабий санаторэр илъэс 80 ирокъу

● Узыншагъэ

Жьэн узыфэм щеІэзэ «Звездочка» санаторэр 1936 гъэм къызэІуахащ икlи мы зэманым а унэтlыныгъэмкlэ Кавказ Ищхьэрэм щыlэ Іуэхущlапlэ нэхъыфlхэм ящыщ зыуэ къалъытэ.

САНАТОРЭР къызэрызэІуахрэ илъэс 80 зэрырикъум ираущlэкl махуэшхуэр иджыблагъэ екlуэкlащ. Абы хэтащ хьэщlэ лъапlэ куэд. Іуэхущlапlэм и лэжьакlуэхэр ягъэпэжащ КъБР-м и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэрым Узыншагъэ хъумэныкlэ, Лжьыгъэмкlэ, цlыхухэр Іэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар зытеуухуар къэрал, муниципальнэ мылъкум хурибыдэ щым щыщу цlыхухэм хухах щы Іыхьэхэр нэхьыбэ дыдэу е нэхъ мащlэ дыдэу зэрыхьын хуейр зэрауbrowзыху мардэжр гъэувыныр щ.

Депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фlэкlыпlэ зимыlэ медицинэ страховани эмкlэ и щlыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукlэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектым. Парламентым и комитетым и унафэщl Афэщlагъуэ Михаил зэрыжиlамкlэ, ар кхъухлъхьэн хуей щlэхъуар фlэкlыпlэ зимыlэ медицинэ страховани эмкlэ фондым илъэс къэс иlэн хуей страховой гъэтlыпlтlыгъэр сом мин 440850,6-м нэсу нэхъыбэ зэращlарщ.

- Илъэс 80-м къриубыдэу санаторэм хъарзынэу зиужьащ, мы зэманым жьэн узыфэр зыпкъыт сабийхэм абы щагъуэт фlагъ льагъ зиlэ медицинэ дэlэпыкъуныгъэхэр. Фэ, Іуэхущlапlэм и лэжьакlуэхэм, фи фlыгъэкlэ сабий щэ бжьыгъэхэм я узыншагъэр ефlэкlуэжащ. Фэ фогъэзащlэ жэуаплъныгъэшхуэ зыпылъ икlи фlыщlэшхуэ зыхуэфащэ къалэн - илъэс 80 хъуауэ фолажьэ сабийм и узыншагъэр фхъумэу, - жиlащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкlэ и министр Расторгуевэ Светланэ.

«Звездочка» санаторэм и унафэщl Кокутенко Еленэ зэрыжиlамкlэ, илъэс къэс абы я узыншагъэм щыкlэльыгъэплъ сабий 350-м. Іуэхущlапlэм сымаджэхэр зэман кlыхькlэ зэрыщlыІэным хуэгъэпсащ - мазихым нэблагъэкlэ абы уи узыншагъэр щебгъэфlэкlуэжьыфынущ.

Санаторэм и илъэс 80-р щагъэльапlэ махуэм абы къыщыхэІуахащ сабий психологым и пэш. Къыщынэмыщlауэ, я мурадщ зэман гъунэгъум пэщlэдзэ езджанlэм щlэс щыкlуэжьмэ папщlэ класс къызэІуахыну, сабийхэм я езджэныр зэпымыууэ илъэс пчом къриубыдэу я узыншагъэр ирагъэфlэкlуэфын папщlэ.

ТХЬЭХУЩЦЫНЭ Ланэ.

● Дзэлыкъуэ щlыналъэ

Лэжьыгъэр къагъэтlасхъэркъым

Дзэлыкъуэ щlыналъэм къабзагъэм ехьэлlа лэжьыгъэр щызэпыуркъым.

РАЙОН администрацэм и жэрдэмкlэ жылагъуэ къэс къыщызэрагъэпэща лэжьакlуэ гупхэм пlалъэ пыухыкlам тету къуажэ уэрамкэр, псыхъуэхэр ящlалъхьыхь. Дзэлыкъуэдзс, Бовхозное жылэхэм хабзэм къемызагъэщу кlэрыкубжьэрыху идзыпlэ ящlа тафэхэр, псы Іуфэхэр ягъэкъэбзащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щекlуэкlащ Чыщдалъкъ.

Хьэбзэзым Іуэхур щынэхъыкlэщ: Балъкъ псы Іуфэм, сыт щыгъуи хуэдзу, куэншыбыр щрадз. Къуажэдэсхэм пхъэнкlийр щызэтралъхьэ мэжджытым, кхъэм пэмыжьжьэ щlыпlэхэм. Сэрмакъ жылагъуэм и администрацэр зэрыкlэлъыплъым хуэдэхэуэрэ, цlыху щхьэзыфlэфlхэм я пхъэнкlийр уэрамхэм, хьупlэм щдракlут. Апхуэдэхэм унафэ тращlыхьынущ, хабзэм тету етхьэкlынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къыщалъхуа махуэр хуаІэт

И ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 90 ирикъуащ Хэку зауэшхуэм хэта, политехникэ техникумым илъэс 50-кlэ щылэжьа, лэжьыгъэм и ветеран Балакиров Михаил Василий и къуэм. И унагъуэм щlэсхэм нэмыщl, Михаил и махуэшхуэмкlэ ехьуэхьуащ КъБКъУ-м и ветеранхэм я советым и унафэщl Шурдым Хьэсэн, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщlэкlэ Зэщlэуэзда Къаруэзмрэ хабзэхьумэ Іэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа.

ХЬЭЩlЭХЭР Михаил ехъуэхъуа нэужь, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ КъБР-м и Іэтащхьэ КlуэкlуэЮрийрэ къабгъэдэкlа хъуэхъу телеграммэхэр ираты жащ. Къинэмыщlауэ, Налшык къалэ администрацэри щlыхь, фlыщlэ тхьылъэмкlэ къыхуэупсащ абы. Балакиров Михаил и къару емыблэжу илъэс 50-кlэ зэрылэжьам папщlэ КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий къыхуигъэфэщащ щlыхь тхьылъ.

Михаил 1943 гъэм фронтым кlуащ, 1944 гъэм «С-101» псыщlагъэрыкlуэ кхъухьм иСу кlуалыкъу ищlащ. Ар и гукъэкlыжьхэмкlэ хьащlэхэм ядэгуэшащ. «Псыщlагъэрыкlуэ кхъухьымкlэ партизанхэр Норвегием тшэрт, нэмыщlэхэр куэдыщэти, жэщыр хэкlуэтауэ псы Іуфэм декlуалlэрт. Лагъымкlэ кхъущтхэуи кхъэхурт», - иГу къегъэкlыж Михаил. Балакировыр Мурманск щыІэу Хэку зауэшхуэр иухащ. Зауэр иуха нэужь, иджыри илъэсыблкlэ кlуныкъу ищlащ абы.

Езыр электрикти, КъБКъУ-м и инженер, политехникэ факультетхэм автоматикэмрэ телемеханикэмрэ щыхуригъэджащ абы.

БРАЙ Марие,
КъБКъУ-м и пресс-Іэнатlэм и лэжьакlуэ.

Налшык лэжьыгъэшхуэ щокlуэкl уэрам зэблэкlыпlэхэмрэ уэрам нэхъыщхьэхэмрэ я теплъэр зэІызыгъэхьэ киосхэр, адрей сату щlыпlэхэр техныным хуэгъэзауэ. Іэщlагъэлlэхэм къызэрагъэпэщыжьмкlэ, арыншауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм теплъэ тэмэм игъуэтынукъым.

НОБЭМ ирихьалlэу киосхэм я нэхъыбэр жьы хуауа, фаджэщ икlи иджырей лъэхъэнэм къезэгъыжьыркъым. Апхуэдэу абыхэм яхэтщ транспортым, лъэсырыбзекlуэхэм зэран къахуэхъуэхэр икlи шынагъуэ къатезыгъэхьэхэр. Абыи къыщымынэу, сату щlыпlэхэм я бжыгъэр куэдыІуэ мэхъу, ахэр уэрам зэблэкlыпlэ къэс тетщ.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкlуэкl иджырей законодательствэм къигъэувэхэм къриубыдэу. Апхуэдэу щыт пэтми, си киосхэр зэхуащlыж хьэрычэтыщlэхэм ядэlэпыкъунущ къалэм и Іэнатlэщl щlыпlэхэм Іэпхъуэу щылэжьэнымкlэ.

Налшык къалэм и щlыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

● Іэщlагъэлlхэм я чэнджэщ

Зэрызэрахьэм елъытащ

Нартыхур - Къэбэрдей-Балъкъэрым зыубгъуауэ зыщlелжь кlэкlыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы къыхэкlыу, бэвагъышхуэ къэзыт, дунейм и щытыкlэхэм пэлъэщ гибридхэр къэгъэхъуныр Іэмал зимыlэщ.

НАРТЫХУ гъавапхъэр щащlэ хьэсэхэм иужьрей зэманым къахэхуащ. Псом хуэмыдэу, Курыт, Ипщэ федеральнэ щlыналъэхэм, къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым а Іуэхум гулъытэ хэха щыхуащl. Республикэм гъавэу къыщlахьэлlэм, Іэщlэкlыу кхыщlалжьым хэгъэхъуэныр, цlыхухэм я псэукlэр къэлэтыныр а къэкlыгъэм къит бэвагъым куэдкlэ елъытащ.

Хьэпlацlэ, узыфэ куэдыкlейхэм, удзыжь зэмылlэужьыгъуэхэм бэвагъыр куэдкlэ зэрагъэмащlэм къыхэкlыу, абыхэм зэрапэщlэт Іэмалхэр къамыгъэсэбэпу хъунукъым. Цьитращlэкlэ ахэр къамылъытэмэ, къэкlыгъэм тэмэму зиужьынукъым, фейдэ щlагъуэ къитынукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрри хэту, къэралым и щlыпlэ зэмылlэужьыгъуэхэм я мэкъумэш Іэнатlэхэм абы и лъэныкъуэкlэ щытыкlэр щокlакlуэ, нартыхум зэран хуэхъу узхэмрэ хьэпlацlэхэмрэ нэхъыбэ щохъу. Зыщlыгугъ бэвагъыр зрагъэхъулlэн щхьэкlэ, хьэсэхэр тэмэму зэблахъун, агротехникэм пыщlа Іуэхугъуэ псори и чэзум зэфlахын хуейщ. Егугъуу зэрахьэмэ, щlым и кlаурр щlихьнукъым, и пшэрагъымрэ и къэуатымрэ ихъумэнущ. Илъэсищ-плIыкlэ зэкlэлъыкlуэу зы щlыпlэм нартыхур тещlэныр щыуагъэшхуэщ. Хьэсэхэр зэрызэблахъу Іэмалым ар кьеззэгъыркъым, щlыныгъэмыщlауэ, бэвагъыр къитынур пэублэу къахуэлъытэнукъым, итlанэ гъа къэс узыфэхэм заужь икlи заубгъури, ахэр гъэкlуэдыным мылъку елт токlуадэ.

Хэхауэ щелэжькlэ, щlы Іыхьэхэр зэдыщlэкlыу агъэщэбэн хуейщ. Нартыху хьэсэхэм халъхьэну щlыгъэпшэрхэр къыщыхахкlэ, щlыгулъым и Іофыр, и къуэатыр, къагъэсэбэп агротехникэр зыхуэдэр, псы зэрыщlагъэхьэ щlыкlэр, экологие, санитар хабзэхэм къагъэувэхэр къалъытапхъэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуэдзэр нартыхуу къыщалежьям зэрызахъуэжьыр ягъэбелджьылын папщlэ, 2000 - 2015 гъэхэм ирагъэкlуэкlа къэпщытэныгъэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, нартыху хьэсэхэм хуэди 2,7-кlэ - гектар мин 46,6-м къыщыщlэдзауэ гектар мини 124,5-м нэскlэ хэхъащ.

И тхыдэм къриубыдэу Урысейм нартыху нэхъыбэ къыщlехъулlар 2012 - 2013 гъэхэрщ. 2012 гъэм тонн мелуани 8-м нэблагъэ къыщрахьэлlажащ. Нартыхуу кьалэжьым зэрыхэхуэм и фlыгъэкlэ, гъавапхъэр нэхъыбэ тращlэ. Иджырей технологиехэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъыфlу щlэзэгъ, зэщlэхьщыхьауэ зызыужь гибрид лlэужьыгъуэхэр я лъабжьэ, а Іуэхур къыщlэрагъэпэщ.

Къапщтэмэ, 2000 гъэм бжьыхьэсэ гуэдзу тонн мин 219,7-рэ къыщlаlукlащ. Ар нартыхуу къыдачьжам нэхърэ хуэди 2,4-кlэ нэхъыбэщ. 2009 гъэм щегъэжьауэ нартыху гъавапхъэу къытрахым зэуэ хэхъащ икlи 2013 гъэм тонн мин 839,2-рэ кърахьэлlэжащ. А илъэс дыдэм бжьыхьэсэ гуэдзыр зэрыхъуар тонн мини 166,6-рэщ. Ар нартыхуу зэщlакъуэжам елъытауэ хуэди 5-кlэ нэхъ мащlэщ.

Мы зэманым нартыхум дежкlэ нэхъ щынагъуэр бжьэхуц хьэндырабгъэурщ. Иужьрей илъэс 15-м ахэр бэгъуащ икlи къэкlыгъэм и процент 66,7-м зэран хуохъу. Ар фlэкlыпlэ зимыlэ мардэу экономикэм и Іэнатlэхэм щагъэувам хуэди 4-кlэ щlегъу. Къищынэмыщlауэ, а хьэндырабгъуэ лlэужьыгъуэщlэм и зэранкlэ, кlэчанхэр зыгъэф дузариозым зеубгъу, бэвагъым кlэроху. Псалъэм папщlэ, гибрид хьэсэ щхьэхуэхэм процент 25-м нэс щокlуэд.

Зи гугъу тщlыхэм тепщlыхьмэ, бжьыхьэсэ гуэдзрэ нартыхуу кърахьэлlэм зэкlэлъыхьауэ зихъуэжьныр мы щхьэусыгъуэхэм къарикlуащ:

- Нартыху гъавапхъэр щаІыгъ щlыхэм егъэлеяуэ зэрызагъэхъуам, щlэх-щlэхыурэ хьэсэхэр зэрызэблахъу Іэмалым зэдыщlэкlыу зэрызэкlуам къыхэкlыу, Къэбэрдей-Балъкъэрри хэту, къэралым и щlыпlэ щхьэхуэхэм нартыху щlапlэхэм я фитосанитар щытыкlэр щекlэкlуащ, бжьэхуц хьэндырабгъуэ жьхуэтlэр, нартыху жэпкъэр зыщхъ щlыв льатэ щыкlухэр, щыгулъхэс хьэпщхупщэр щыбэгъуащ. Яныныкъуэ губгъуэркlы къэкlыгъэхэм яхуэлъэ гуэрфэ щхьэхуэхэм захъуэжащ, хьэсэхэм, хэхауэ зэрахьэхэм ахэр къэхьхьэу хуежьащ. Къапщтэмэ, апхуэдэщ нартыхум зэран хуэхъу альтернариоз, фузариоз, тхьэмпэхэр зыс бактериоз лlэужьыгъуэхэр;

- нартыху гъавапхъэр кlасэу Іуахыж. Абы къыхэкlыу, щlыр и чэзум бжьыхьэсэм зэрыхуамгъэхьэзырыфым, агротехникэм и пlалъэм къитlасэу жылэр зэрахуэмыльхьэм;

- мылъкушхуэ темыкlуадэу гъавэ хъарзынэ къаззэрехьуlэм, езэгърабгъуу зэращlэм.

Хьэсэхэр тэмэму зэрызэбламыхьум, абы кърикlуэнур къыззрамылъытэм я зэран къэкlыж, пестицидхэр, дагъэ гъэсыныпхъэхэр, къэкlыгъэхэм зэрелжь Іэмэпсымэхэр, нэгъуэщl агрегатхэр лъапlэ зэрыхъуам я лэжьыгъэр ельахъэ, щlым халъхьар къащримытыжи щlыІэщ.

Аращи, нартыху щlапlэхэм я щытыкlэр ирагъэфlэкlуэн, бэвагъым хагъэхъуэн, уэхэмрэ хьэпlацlэхэмрэ зэребэн щlыкlэр ягъэлъэщын папщlэ, хьэсэхэр зэрызэблахъу хабзэр фlэкlыпlэншэу ягъэзэщlэн, адрей технологие Іуэхугъуэхэр и чэзум зэфlагъэкlын хуейщ.

ХЪУРОМЭ Людмилэ,
Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкlэ и щlэныгъэ-кхъухтакlуэ институтым и щlэныгъэ лэжьакlуэ пэрыт, мэкъумэш щlэныгъэхэм я кандидат,
ШЫПШ Заирэ,
а Іуэхущlапlэм и щlэныгъэ лэжьакlуэ нэхъыщlэ.

Псалъэм нэхъ лъэщ щыIэкъым

● Дифі догъэлъапIэ

Щакіуэ Мусэлы Мардас и къуэр 1946 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хыхь. Малэ Зеленчук (Ботэщей) къуажэм къыщыдахуащ. ПащIэдзэ еджапIэр къиуха ныжь, Черкесск дэт еджапIэ-интернатым курыт щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ.

Алма-Ата дэт Къэзахъ къэрал университетым ЖурналистикэмкIэ и факультетым 1965 гъэм щIотIысхьэри, 1969 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. Абы и ужькIэ ар ди къэралым и хэгъуэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ - Къазахъстаным, Сыбырым, Колымэ, Чукоткэ, Врангель и хытIыгум къыщыдэкIі газетхэм, радиом.

Мусэлы игъэунэхуащ Iэпщэрылажьэнри - хьэлъэзекIуэри, пхьащIэри, бетонзэхащIэри, мывззэтелъхьэри щытащ, уеблэмэ щIэзыщIэхэми яхэтащ.

1976 гъэм Мусэлы Къэрэшей-Шэрджэсым къигъэзэжри, япэщIыкIэ Хьэбзэ дзт заводым, иужькIэ район радиом щылэжьащ.

1982 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс телерадиокомитетым уващ хъыбарыщIэхэм, сабийхэм, щIалэгъуалэм теухуа нэтынхэр игъэхьэзыру. ИтIанэ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм хухах нэтынхэм зритащ. Абы зэфIэкI, хэлъэт зэриIэр Iуэхум къыхахăыгъэри, хуагъэфэщащ радиом и редактор нэхъыжь Iэнатlэр, иужькIыуэкIэ редактор нэхъыщхьэ ящIащ.

Мусэлы и псалъэхэр шэрыуэщ, адыгэбзэр IэкIуэлъакIуэу къыгъэсэбэп, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр кууэ зэпкърех, журналист Iэмал къекIуэкIэр къыгъэсэбэпурэ и тхыгъэхэр гукъинэж пщещI. Зэпсалъэ щIыхуэмэи гуапэу яхущытщ, я щхьэр ину яригъэлъагъужу, игъэгушхуэу, игъэлъапIэу. Ар фIыуэ щыгъуазэщ дунейпсо литературэм и фIыпIэм, тхыдэм, псом хуэмыдэу езыр къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм, щэнхабзэм. Географиеми, зекIуэн Iуэхуми, спортми хуэхамэкъым.

Иужьрей илъэсхэм Мусэлы щолажьэ Къэрэшей-Шэрджэс телерадиокомпанием, абы и тхьамадэм и къуэдзэщ, адыгэ къудамэм и унафэщIщ. И къалэн нэхъыщхьэу къелъытэ зи пашэ лэжьакIуэ гупыр игъэгушхуэнымрэ щIыхуэм гунэс ящыхъун нэтыныфIхэр ягъэхьэзырынымрэ.

1968 гъэ Iандэрэ Мусэлы СССР-м, Урысейм и Журналистхэм я союзхэм хэтщ, «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр 1995 гъэм къыфIащащ.

2001 гъэм абы къыхуагъэфэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым и ЦIыхубз ЗэIущIэм (Парламентым) и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр.

● Щапхъэ

Шэ хьэлэл ефа КIэнэтI НурIэдил

Куэд щIауэ социыху а лIыр. Абы лъандэрэ илъэс тIощIым щIигъуащи, а зэрыщытщ - щымэлыхъуами, къулыкъу щиIыгъами и уеблэ тетыкIам зы мэскъалкIэ зихъуэжакъым а зы хьэлым тетщ, нэгъуэщIыр зи щхьэм езылъыт, гущIэгъу, цIыхугъэ, адыгагъэ зыхэлъ, зэ къэпцIыхуамэ, и шыфэлIыфэр зыхуэдэр къэпщIамэ, пщIэ зыхуумыщIыкIэ Iэмал имыIэ цIыху къызэрыгуэкIщ. Зи гугъу сщIыр Къэрэгъэш къуажэм щыщ КIэнэтI НурIэдилщ...

НУРIЭДИЛ ящыщкъым зи сабиигъуэр матэщIэдзауэ зыхьахэм. Къыщалъхуа унагъуэшхуэм апхуэдэ Iэмали щигъэтынутэкъым. Зэрыбынибгъу хъурти, зи щхьэ бадзэ тезыхухьфу унэм щIэс дэтхэнэ зыми кьалэн пыухькIа иIэт.

Еянэ классым къыщIэкIа нэужь, НурIэдил мэлыхъуэу лэжьэн щIедзэ. Аузрэ, зэман докIри, Iэхъуэу ягъакIуэ. А Iэнатlэм пэрытурэ балигъыпIэ йоувэ, и пIалъэр къосри, дзэм ираджэ, Германие щыналъэм и кулыкъур щрехьэкI. Абы адыгэ щIалэр щыIащ къызыхэкIа лъэпкъым, и жылэжьым, адыгэм я пщIэр зэриIэтыным хущIэкъуу. ИкIи, сэлэт гъащIэм нэхъри ипсыхьауэ къеГъэззэж, Зеленокумк дзт мэкъумэш техникымым щIотIысхьэри, зоотехникыеу йоджэ, къиуха ныжь, мэзхъумэу макIуэ. А лъэхъэнэм, 80 гъэхэм икуэм Къэрэгъэш колхозым и тхьамадэр Гугъуэт Хьэзрэталитт. ЩIэныгъэ зиIэ IэщIагъэлI хозяйствэр хуэныкъуэти Iэщ Iэвыщ Iэ фермэр зезыхьэфын хозяйствэм и унафэщIым кьилъыхъуэрт. Абы щыгъуэ япэу зи цIэр кърагIар Iэщым и пIалъэ зыщIэ НурIэдилщ. КIэнэтIым и щытхъу мызэ-мытIэу зэхихати, щIалэр иреджэри зэдзлажьэмэ зэригуапэр къыжреIэ. И Iэщ Iагъэмкlэ и зэфIэкI еплъыжыну щIэхъуэсырти, арэзы мэхъу. Иужьк Iэ, зэрылажьэм хуэдэу, и щIэныгъэм хегъахъэу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэралмэкъумэщ академиер къеух.

Илъэс зытIущкIэ а Iэнатlэм пэрытауэ, фермэм и Iуэхур хъарзынэу зэфIигъэувауэ, мэкъумэш бригадзшхуэм и нэхъыжьу ягъэув. И пщэ къыдалъхьа а кьалэныр илъэс зыбжанэкIэ екIурэ ещхьу зэрихьащ КIэнэтIым. Иужьк Iэ «Къэббалъкъмэкъумэштехникэ» зэгухьэныгъэм ирагъэблагъэри, Iэнатlэ щхьэхуэ хъыщрат. А пщэрыльри зэресам, хьэкъыу зэрыпхыкIам тету, и гури и псэри етауэ ирихьэкIащ.

«Мэкъумэштехникэм» щыIэху Къэрэгъэш къуажэм колхоз унафэщIхэр зыбжанэрэ щызэрахьуэкIащ. Зы гъэ гуэрым хозяйствэр тхьэмадэнэшэу къыщынэм, а Iэнатlэр зэрихьэфыну къалъытэу псом япэу къагъэлъэгъуар КIэнэтIырщ. Апхуэдэ дзыхь къыщрагъэзым, жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ кьалэн къызэрыпэщытыр къыгурыIуэу, лэжьыгъэщIэм пэроувэ. Хозяйствэ щафэщI щыхьуа зэманым къэралыр гугъуэхь инхэм хэтт, рынок хьыжьэр лъэныкъуэ псомкIи къыщебгъэрыкIуэрт. Iуэху зехьэкIэхэр зэхэзэрыхьат. «Фызэрыхуейуэ фи щхьэ вгъэпсэуж» жьхуиIэу, къэралым лъэныкъуэ зригъэзэу хуежьат.

Къэрэгъэш щызэхэт колхозым и нэхъыжьу зэрыщыта илъэсипщIым къыриубыдэу КIэнэтIым лэжьыгъэшхуэ ирихьэкIащ. Псом япэу зыхущIэхуар рынокым къишта зэхуэмыдэныгъэм итхьэ хозяйствэр зэтеГъэзэнырщ, цIыхухэм я Iэнатlэр зэуэмынрщ, зэхъуэкIыныгъэм къыздихьа гугъуехьэхэр къуажэдэсхэм ящыгъэпсынщIэнырщ. Нурlэдил зэрыщIыху жумартым, куэдым и сэбэп зэрекIам, зи Iуэху зэхуэмыхьу Iэджэм зэрызащIигъэкъуам и гугъу дымыщIми, ар зэрыгущIэгъулыр мы щапхъэ зэкъуэм къегъэлъагъуэ: щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ псэупIэншэу къэна цIыхубзитIым абы унэ зырыз яхуэгъэщIащ. Апхуэдэ цIыхугъэ зыхэлъ куэд яхэбгъуэтэну пIэрэ кулыкъу зыIыгъхэм?

... Илъэс зыбжанэ хъуащ НурIэдил фермер Iуэхум зэрызритрэ. Псыншокъуэ къуажэм къыщищхужа Iэщ псэуалъхэзр зэригъэпэщыжауэ быныму 600, абы щыщу жэм къаШу 200, шыуэ 50, мэлу 200 щиIыгъщ. Ахэр цIыху 15-м зэрахьэ. Я мазэ хьэкыир псом щIэм 15-м и кIэ къихуэркъым. Тракторист щхьэхуэхэм сом мин мин 50-м нэс къахь. И Iэнатlэм хилъхьа гуащIэм пэкIуэр щхьэж ІыосыжI. Iэщыхъуэхэм гуфIэгуэ е гуэзэвэгъуэ къалъыкъуэкIмэ, гъавэжІи лыхэкIкIи защIегъакъуэу КIэнэтIым. Фермэм тесхэр махуэм щэ пщIэншэу ягъашхэ. ЩыхьщIыкъэ сыхьэтхэми зэшыркъым, телевизор, шашкэ, шахмат яIэщ.

- Иужь зэманкэм ди Iуэхур нэхъыфI хъуащ,- жиIэ НурIэдил,- псом хуэмыдэу, ди хэкум санкцэ къызэрыращIыпIэрэ гъэшымрэ лымрэ хъарзынэу дощэ. Къэралри дэIепыкъуэгъу къытхуохъу: нэгъабэ субсидиеу сом мелуанитIрэ мин 800-рэ ящIидитати, жэмщIэу 100 къэтщэхуащ, иджы къэлъхуауэ къыдош. Ауэ, мэкъупIэр зыхьэрыдэмэщIэкIым къыхэкIыу, мы зэкIэ нэхъри зытхуэхуэбгъуэнукъым. Мэкъумылэр къэтщэхун хуей мэхъу. Ди Iэщ Iэвыщ Iэр гъэм и нэхъыбэм Къуратышхуэм щытIыгущ, армыхъумэ мыбы тету илъэс псом пхуэгъэшхэнукъым. Къэрэгъэшэм Псыншокъуэмэ щыр щыIэзэпэбыдащ, езы къуажэдэсхэм яхурикъуркъым. ХэкIыпIэу слъагъур зыщ - ди щIым къигъэшхэн Iэщ къэдгъэнэн хуейуэ аращ. Гектар мин зэрызетхьэн техникэ диIэт, Iэщуи зы мин мы щIыпIэм щытхуэIыгъынут.

Фермерыр, дауи, имыгъэпIейтейуэ кьаназркъым нобэрей щIалэгъуалэм Iэщ гъэхъуным я щIыб зэрыхуагъэзам. Дяпэ илъэс зытхухкIэ а Iэнатlэм щылэжьэн ямыгъуэтыжынкIэ мэшынэ.

НурIэдил и лэжьакIуэхэм гулъытэ, пщIэ зэрахуищым и щыхьэтщ мы щапхъэри. Iэщ псэуалъхэр зытет щIыпIэм дыщыкIуа махуэм езыр темысу дынэсат. ТелефонкIэ зыпытщIэри «дакъикъэ зытхуэхкIэ сынэсхыжынущ», - къыщыджИэм, уэрщэрэгъу дощI шэ зрагъаХуэ бидон- хэр псы пщтыркIэ зытхьэщI жэмыш щIыхубзитIыр. Ахэр хамэ къуажэхэт- зыр Къармэхьэбгъ, адрейр Старэ Шэрэдж къуажэм щыщт. ЦIыхубзитIри фермэм тесу арат. «Фи Iуэху дауэ хъурэ?» - жызоIэри соупщI. «Тхьэ, дылажьэ хуэмыдэ апхуэдизкIэ НурIэдил цIыхуфIщи», - къет жэуап Къармэхьэбгъ щыщым. «НтIэ, Iуэху гуэр къысфIыкъуэкIауэ къуажэм фыдыхьэжьн хуей хъумэ, абы нэс дауэ фызэрыкIуэжыр?» - жысIэу защIыхуэзгъазэм, «тхьэ, дыщыхуей дыдэм деж езы НурIэдил дешэжмэ», - къыхагъэщащ абыхэм я унафэщIым иригушхуэу. Сыт щIыбгъужьын а бзылъхугъитIым жаIам - шэч хэмылъу, шэ хьэлэл ефа цIыхущ КIэнэтI НурIэдил.

МЫЗ Ахьмэд.

Адэшхуэм и псыкъуийр

Гупсысэр дунейми гъащIэми я ибзапIэщ. Ауэ, ар илъэс бжыгъэракъым зи ибзэр, атIэ уи дунеймрэ Iуэхумрэ я нэщэнэщIапIэщ. Сыт хуэдэ ныбжьым унэсами, узыхуеплъэкIыжьынрэ уэзгупсысыжьынрэ уиIэнущ. Псом хуэмыдэу, ІІІы и ныбжь уиту, нобэ фи пащхьэ зи гупсысэхэр къыщыттIэщIыну ЩакIуэ Мусэлы хуэдэу къэралми лъэпкъми я утыкум уитамэ, жыпIэн уиIэнущ. Абы уедэIуэну гъэщIэгъуэнщ, ар журналистикэм хуэIэкIуэлъакIуэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхущи. Аращи, гупсысэ чэрыуанэр иредгъэшэжьэнщ, ди упщIэхэмкIэ зэран дыхуэмыхьуу.

«Черкес хэку» газетым щылажьэ журналист гуп. Щакіуэ Мусэлы сэмэгумкIэ щысщ. *1990 гъэ*

«Нобэ си махуэр си анэращ»

Адыгэм я хабзэтэкъым «сыкъыщалъхуа махуэщ» жаIэу ягъэльапIэу, ар къэрагъэкIуэркъым. Аращ, щIыжьсIэр: нобэ илъэс 70 ирокъу си анэм бын пажэ зэриГъэтрэ. Ар сэращ. Ауэ а махуэр зейр си анэрауэ къызолъытэри, соплъэкIыж си къуажэжьымкIэ. Хьэблэжь сыкъыщалъхуам сыдэплъэжмэ, абы щыгъуэм псэуахэмрэ иджырейхэмрэ я дунейр зызогъапщэ. Ди адэжь-анэжьхэм ятелъа хьэзабыр хьэлъэу си плIэм дэлъщ, гукъеуэмрэ губгъуэ лэжьыгъэмрэ я зэхуакум, бэнымэ хуэдэу я псэр дэуэкIауэ, ахэр си нэгу къыщIохьэж. Зауэри, гуауэри, къэралым и псэукIэ гугъуэсыгъуэхэри - псори зэрашэчар къыдгурыIуэу щытмэ, нобэрей гъащIэм зэрызихъуэжар нэхъ зыхэтщIэнущ.

Ауэ, гъащIэм зэрызихъуэжар япэу зэрызыхэсщIэр ди нэхъыжь Iумахуэхэр зэрыщIымыIэжкIыжщ. Абыхэм я шыуанлэгъуэ зехьэкIэр, пщэфIэкIэр, я дуней тетыкIэ дахэр нобэрей зэманым хуэчэмщ. Сытуи псэ къабзэу дунейм тета ахэр! Ди лIыжьхэм сахоплъэжри, шыхъуэу, мэпIыхъуэу, Iэхъуэу псэу защIэт. ИтIанэми, ахэр ди уэрамым щрикIуэкIэ, мывэ кIэщхь къудеи гъуэгум телъу ямыдэу, баш яIыгъымкIэ еуэрти традзырт. Пхъэ къуэщIий телъыр къащтэрти, ари уэрамым трахырт.

Ди къуажэхэр кIыфIтэкъэ абы щыгъуэм? Мэжджытым щыIа лIыжьхэм финар щIэгъэнахэр Iэ едэыхакIэ яIыгъыу, ахэр щIым лъоIэ жыпIэу я гъэгур ягъэнэху къыззрыкIуэжыр си нэгум ноби щIэтщ. А нэхугъэмрэ лIыжьхэмрэ зэман кIыфIыгъэм хихьэжа си сабиигъуэм къыпхыкIымхуэдэщ.

Ди къуажэр си сабиигъуэм зэрыщытар си нэгу къызэрыщIихьэжыр псыхьэр банэ сэрейуэщ, и цIипэхэр уэрамымкIэ къэгъэзауэ. Арами, апхуэдэ теплъэ зиIа къуажэми къэмыхьауэу хуабагъэ дэлът. Тхьэ сIуэнуи сыхуейкъым, ауэ иджырей зэхущытыкIэм хэпЪ щIыIагъэм хуэдэ си сабиилсэм зыхиущIакъым а зэманым.

ТеплъэгъуитI си нэгу къыщIохьэж си сабиигъуэм щыщу. Япэ теплъэгъуэу къысхуэнар зэрыхьэзрийщ. Уей, фоч макъыр къуажэм щыщIыкIыу, цIыхухъуэм фочыр ягъауэу уэрамымкIэ дажу си нэгу щIэтщ. ИлъэсиплIым ситт абы щыгъуэм. Ди анэ мыгъуэми жэз тасыр къипхъуатэри, баш щIыкIыкIэ еуэу пщIантIэм дэжащ. Хьэблэ фызхэри хэт пэгун, хэти даущ зыщIын яIыгъыу, абыхэм макъ иратгъэщIым езым я макъри дащIыгъуэкуэ хьэблэм зэрыдэхыу си нэгу къыщIохьэж. «МащIэр къуажэбгъум щыIъ гъавэм къыхьыхьауэ хьэлэч ещI!» - жаIэри, си лъэ вакъэ ящIылъхьэу къуажэм дэсыр зэрыдэхыу арат мащIэр ягъэщтэну.

ЕтIуанэ теплъэгъуэми къиубыдыжыр а пIалъэращ. Ди адэшхуэм къитIауэ псыкъуий куу диIэт. Мывэ къэси зым-зыр хуэкIуэу зэтелъхьауэ - ауэ сытми псыкъуийт ар! Мис а псыкъуийм шэдыгъуэ жыг бэлыхьхэр къегъэтIысэкIауэ щхьэщIитт. Си шынэхъыщIэ Мусэбий и гущэ хэлъыгъуэт. Ди анэри дэстэкьым. Си адэм и анэр КIыпIэхэ япхъут, еджагъэшхуэ КIыпIэ Ахьмэд и адэм и шыпхъу дыдэт. И щхьэм лъыр дэуейри, и щIэпэныкъуэр иубыдауэ нанэр пIэхэлът. Ар къыщIашри, дыгъафIэм къыхагъэтIысхьат, сэ жыгым сытест, пыIэ цIыкIу сыгъым шэдыгъуэ къыпысчхэр ислъхьэу. Зэуэ дыгъэр иубыдри, дунейр кIыфIыбзэ къэхъуащ.

Сыгуэкьеяуэ согъ, жыгым сыкъэхьжынуи сошынэ. «Уэ си сабий мыгъуэр! Уэ си сабий мыгъуэр!» - жиIэу ди нанэ и макъыр кьоIу. Мо игъащIэм зи макъ зэхэзмыха ди нанэм и макъри си нэIуасэкъыми, сэри гъыныр щызэгъэтыркъым. Ди гъунэгъу лIыжь бэлыхь, Мамбэт Мыхьэмэтджэрий, къыдыхьэри: «Iэминат, сыт къэхъуар?», - жиIащ. «Сабий мыгъуэр кIыфIым игъэгужьеяуэ жыгым кьехьжыфыркъым», - щыжриIэм, Мыхьэмэтджэрий накIуэри, жыг къудамэм сыкъэпихыжауэ щытащ.

А зэман жьжьэм сыхэплъэжмэ, лъэпкъым и купщIэу, купщIэу хэслъагъуэр ди нэхъыжьхэращ. Ахэр ауэ сытми щIыхуг! Я псалъэкIи, дуней тетыкIэкIи гъэтIысауэ, гъащIэ Iущагъэри зи Iэдэжу, куэд щIэныгъуа нэхъыжьхэт ахэр. Нобэ сызоплъэкIыжри, сыльэIэсыжыркъым: ей, бетэмал! Балигъыпlэм сиуваУэ ди лIыжьхэм сащыбгъэдэсам, абыхэм жаIар щIэзмытхар сыт?! Пэжщ, ноби я псалъэ, теплъэгъуэ куэди си гум кьинащ, си нэгум щIэтщ. Ауэ игуэу абыхэм ікапкърысхьэфыну щытамрэ нобэ гукъэкIыжу къысхуэнамрэ ауи зэбгъапщэ хъунукъым. Мис ар си щыуагъэшхуэу къызолъытэ. Псом хуэмыдэу иужьрей илъэсиплI-тхум а гупсысэр къысщIэрыхьэжауэ сызэрехуэз. Ауэ, пщIам щыгъэтIысжауэ, умышIам ухущIегъуэжкIэ сыт и Iэмал...

Уэз Хьисэ, ЩакIуэхэ Бэтокъуэ, Хьэжбатыр, Машэ, Лу, Къаплъэн, Билал, Братхэ Машэджэхэу, Къаплъэн, Хьэмзэт сымэ - мыр япэу си нэгу къыщIыхьэжа къудейхэращ. Апхуэдэ лIыжь бэлыхь дапщэ дэса ди къуажэм! Абыхэм ящыщт си адэшхуэри. И гъащIэр колхоз тхьэмадэу, пашэу кьихьауэ. Езыр 1896 гъэрат къыщалъхуар, 1938 гъэм «троцкист» дзыр къыфIащри, яуклащ. Ауэ и фэеплъ, цIыхугъэ нэхур си дежи къэсащ. НыбжьэгъуфIу иIа, къыдэлэжьа, губгъуэм къыдита Брат Умар къызэкIэжауэ щытащ: япэрей гъавэр губгъуэм кърахыжу хьэмыш къэзырэрахэу, гуэдзми, нартыхуми, нэгъуэщIми, кьэп зырыз, щэху-нахуэми, къуажэм фызабэу дэсым яхуригъашэрт. Апхуэдэ гулъытэ зыщIыфынрэ я гулъытэм хуэныкъуэрэ ди зэманми щыIащ, ауэ япэхэм етIуанэхэр зэрамылъагъум сигу хегъащI, ди нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэфэщэнкъым ар, жысIэу.

Адыгэхэмрэ адыгэбзэмрэ

Уи лъэпкъыбзэм нэхърэ нэхъ узыгъэльэпIэнрэ узыгъэльэгъагэнрэ щыIэу къэслъытэркъым. Ди хэгъуэгум щыпсэу- хэм уахэпIэмэ, адыгэхэм нэхърэ зи бзэм пщIэ нэхъ хуэзымыщIыж, фэ езымыплъыж яхэту къыщIэкIынкъым. Адыгэ гуп уахьхьэрэ я псэлъэкIэмрэ анэдэлъбзэ къуалъхьэжамрэ зэхэпхмэ, жысIэм хэти щIыхьэт техъуэнущ. Къэрэшеи, абази, нэгъуеи, зэрыжаIэу, ар кьуажэдзэ е къалдэзс ирехъу, я быныр я лъэпкъыбзэкIэ ягъэпсалъэу, утыкум ихьамэ я бзэмкIэ «иракъутыхьу» дольаГъу. Пэжщ, адыгэхэми къахокI зыгуэр зыщIэ, зи гур лъэпкъыбзэм хуэгъазаВэ, ауэ и нэхъыбэм мы Iуэхум хуаIэ бгъэдыхьэкIэм укъеГъэуIэбжь.

Сэ куэдрэ жысIаш: бзэм бгъэдыхьэкIэ кьыхуэдгъуэтыныжмкIэ щапхъэ тхуэхъупхъэу къэслъытэр Израильм щыпсэу адыгэхэрэ. Абыхэм я сабийхэр анэдэлъхубзэм зэрыхурагъаджэр, ар зэраГураЛъхьэр щапхъэ ирокъу.

Сигу кьокIыж усакIуэ, егъэджакIуэ Бемырзэ Мухьэдин адыгэбзэмкIэ 1 - 4-нэ классхэр зэреджэну Iэмалхэм и гуащIэ ирихьэлIауэ, а Iуэхур кьыззригъэпэщауэ зэрыщытар. А зэманым Мухьэдин а гупсысэр щIиукъуэдиим, ерыщу иужь щIим, ауэ зэрызэхамыхам нобэ щIэрыщIэу дегупсысыжьыпхъэщ.

Мис а Гъуэгуращ Израильм щыпсэу адыгэхэр зыпетыр. Рихьэниерэ Кфар-Камэрэ къуажитIым я еджапIэм анэдэлъхубзэ зыIурымылъ сабий къащтэнкъым. Зи анэдэлъхубзэр лъабжьэ зыхуэхъуа сабийхэм журтыбзэри, инджылызыбзэри, хьэрыпыбзэри тыншу къапхъуатэ. Ар ди дежкIэ щапхъэу къызолъытэ. Абыхэм ельытауэ, дэ ди Iуэху зехьэкIэр уэзыфIэмыкIыжыну тхьэмыщкIагъэщ. Лъэпкъыбзэм и жьауэм щIэкIам, абы ельэпэуэжам и дунейри зэрымыуэзыншэжым сэ шэч къытехьэщIэкъым.

Сэ хуабжьу сызыгъэгужьейр ди щIэблэм анэдэлъбзэ яIурылъу сабий гъэсапIэм кIуэуэ, мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу ар зэрэIэщIэхурщ. Кьалэдзе адэ-анэ гуэрхэри хьийм икIарэ, я лъэпкъыбзэм уэхемеижу, я быным ар ирагъэджьн ямыдэу, уеблэмэ абыкIэ лъэIу тхылъ еджапIэхэм щIалъхьэу - хэплъэгъуэщ дызэрыт зэманыр. Абыхэм ягъуфмыIыуэр зыщ: уи лъэпкъыбзэм щIэныгъэм хегъахьэу, армыхъумэ хигъэщIыркъым.

Лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ хэха хуиущыну къэралым и пщэ ильщ. НэхъыщхьэкIэ араущи, адыгэм быхъэкIауэ я кулыкъу зэхуэмыдэхэр зыIыгъэхэм лъэпкъыбзэм и мыхьэнэр къагурыIуэу, абы ирипсэлъэну зрамыусыгъуэджэмэщ зыгуэрым дыщыгугъ щыхъунур.

Лъэпкъ журналистикэм и къэкIуэнур

Псалъэм нэхърэ нэхъ лъэщ щыхум и акъылым къигъэщIауэ къыщIэкIынкъым. Филологие щIэныгъэхэм я доктор Бэчыжь Лейлэ утыкум къыщихьэкIэ «Псалъэр...» жиIэу къыззрыщIидзэм куэдым срегъэгупсыс. Лейлэ жиIэн имыгъуэту аракъым абыкIэ сыт щыгъуи къыщIригъажьэр. АтIэ, псалъэм и мыхьэнэм, и купщIэм, «псэм илъу» зэрыщытым гу лъыдигъэтэну хуейщи араш. Сэ си щхьэкIэ абы къигъэщIу гупсысэм срешажьэри, ди тхыдэмрэ журналистикэм я гуэгуанэ хьэлъэм сытрешэ.

Адыгэ журналистикэм и тхыдэм дыхэплъэжкмэ, ар кIэщIу жыIи хъунукъым. ЕпщIыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм къыщегъажьауэ ди лъэпкъым узэщIакIуэу, еджагъэшхуэу, публицист псалъэкIэ утыкум ихьэу диIа цIыхухуэхэм къадежьащ адыгэ журналистикэм и тхыдэри. Апхуэдэщ журналистикэм и Iуэхуки Iэ псом япэ изгъащ КIашэ Адэлджэрий (Къалэкбий), итIанэ Тамбий Пагуэ, Къазджэрий, Хъанджэрий, Бырсей Умар сымэ. Абыхэм я фIыгъэщ журналистикэм и япэ лъагъуэкIэр.

Пэжщ, къэралым сыт щыгъуи журналистикэм «еплIанэ власть» хужаIэу къокIуэкI, ауэ а пщIэр лъпкъгъэсыкрым. Апхуэдэ зэхущытыкIэм зихъуэжу, журналистым и псалъэм къулыкъущIэхэр нэхъ щIэдаIуу щытамэ, фIы къыдэкIуэнут, ныкъусаныгъэхэр нэхъ мащIэнут. ГурыIуэгъуэщ лъэпкъ журналистикэмрэ лъэпкъыбзэммрэ зэрызэпхар. Журналистхэр, псом хуэмыдэу телевиденэм щылажьэхэр, наIуэ дыдэу дыщыгъуазэщ адыгэбзэр зыхэхуа тхьэмыщкIагъэм. Ди лъэпкъагъу кулыкъущIэхэм депсэлъэн хуей щыхъукIэ я гупсысэр я анэдэлъбзэмкIэ къахуэIуатэркъым. И хэку исыжу псэу адыгэм къекIуэр ар?

Гу зэрыпытащи, ди бзылъхугъэхэм я бзэр нэхъ къабзэу къызэтенащ, ди цIыхухъухэм я псэлъэкIэм елытагъ. Ди бзэр тIэщIэхумэ, лъэпкъыр дыхэкIуэдэжауэ аращ. Лъэпкъыбзэр и лъэ теувэжыным си гугъэр хэсхыну сыхуейкъым. А гугъэр сIэщIэкIмэ, дунейм сыщIытет щхьэусыгъуэри сIэщIэкIыну къысщохъу. Нобэ лъэпкъым къеуэлIа узым дыпэщIэмыувэмэ, ди гугъэри кIуэсэщу. Лъэпкъыбзэ щымыIэу, лъэпкъ журналистикэми ущытепсэлъыхьын щыIэжкъым.

Адэшхуэм и псыкъуий

Псом нэхърэ нэхъыщхьэр щIэжращ. Мэшхуэфі Нэждэт а псалъэр жиIэу япэу щызэхэсхым, куэдым сригъэгупсысауэ щытащ. Сыт и IэныкъуэкIи ди лъэпкъ Iуэху зыщIэжьын лъэпкъыу дыщытыну сыхуейщ. Шэч кьызытеэмыхьэщи, псыкъуий къэси езым и джэрпэджэж иIэжщ. Абыхэми зэщхьу тIу яхэткъым. Си адэшхуэм и псыкъуийм кьисхьну сызыщIэхъуэпс сиIэщ. Бемырзэ Мухьэдин «тхэ» къызжиIэу, сыхигъэзыхьу щытащ. Си ныбжькIэ иджыщ абы сыщынэсар. Сохъуапсэ стхы кьудей мыхъуу, телевиденэ нэтыну згъэхьэзырыну адыгэм и щэнхабзэм, и дунейм теухуауэ.

...Адэшхуэм и псыкъуийм уиплъэжмэ, куэдым урегъэгупсыс. А гупсысэр хъыт темыгуплIэн папщIэ ящыр мащIэкъым узыхуейр. А кьарур къызыхэтхьынур ди хабзэрщ, ди бзэрщ, ди адэшхуэхэм я адыгэ дунейрщ.

Зытхыжар
БЕМЫРЗЭ Зурабщ.

Сыт сэ сызыщIышынэр?

ЩакIуэ Мусэлы хуэдэ

Зиусхьэн ГъащIэ, ныбжькIэ щыпI,
ХьыумыгъэщI я гур дзыхь къозыгъэзэхэм,
Гухэлъ къабзагъэр ящIыжу ныпI,
Уи пщэдджыжьыпIэ
лъагъуэм хуэшэсхэм;
Зи сабиигъуэр къыпхуэзыгъейм,
Балигъ удыным къыIуригуаУэ.
Зи лъагъуныгъэр къозыупсейм,
ЩIэгъэкъуэныншэу щIым къытенауэ;
Уи ныджэ щIыIэм къытридзэжам
Факъырэ Iусыр дзэлкIэ ихьэжу,
Птегужьеихьу, зызукIыжам,
Гупсысэр - благъуэу хуэмыгъэшхэжу.
Зиусхьэн ГъащIэ, натIэм схуиптхар,
Хьэржэт уэркъыдзэу Iэубыдыпlэншэщ,
Гупсысэ жыгыу къыпхуэзгъэкIар
Тхылъымпlэ напэм къытенэ псэншэщ.

А стхам зы усэ къыхэмыкIын
Зы жьы Iубыгъуэ къызитыжыну.
Е зы уэшх ткIуэпсу къемыхыжын
Гум мафIэ щысщIым симысыжыну.
Арми, си ГъащIэ, мафIэкъым сэ -
Си гущIыIагъыргъ сызыщIышынэр,
ЦIыхугъэ къуагъым къуэлъыпхъэ псэр
Дыгъужь бзаджагъэм
щезгъэшхьыжыныргъ;
ПщIэнтIэпс шыугъэу сызэрыпIар
Лъы шыугъагъкIэ щысхьэужа пIалъэщ,
Мы уафэ кьабзэ къыстеIубар
Ахын и нэпсу къыщIыщIэзгъалъэщ;
Си сабиигъуэм псым зэпрыздзар
Адрыщ уи Iуфэ щхуэхьыжынырщ.
Тхьэм иджы къэскIэ щиущэхуар
Дзыхь къызэбгъэзу щыжьпIэжынырщ.

БЕМЫРЗЭ Зураб.

●«Зэныбжьэгъуагъэ-2016»

КЪБР-м къыщежьащ, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыддащтэ

Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэр гъэбыдэныдмрэ зегъэужьыныдмрэ хуэгъэпса «Зэныбжьэгъуагъэ - 2016» республикэ зэхьихьэр иджыблагъэ къызэIуахащ. Абы хэтащ «Вече» урыс щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Канунников Анатолий, Налшык къалэ дэт члисэм и дин лэжьакIуэ Осипов Константин, «Мир дому твоему» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыбзыхъуэ Сафудин, КЪБР-м и Мусылъмэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и IуэхудзэСыжажэ Алим, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм я унафэщIхэр.

«ЗЭНЫБЖЬэГЪУГЪЭ» щIалэгъуалэ проектыр 2009 гъэм ящэу ди республикIм щрагъэжьащ. Абы хэтащ Арщыдан, Гундзэн къуажэхэм щыщу унагъуэ зыбжанэ. КIуэ пэтми мы Iуэхум зиубгъу, кIыхьихьэну хуейм хъахэхъуэ зэпытщ. А зэманым къиубыдэу проектым Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ зыбжанэ, хамэ къэралхэм кIыкIахэри хэту кIыхьзщIиубыдащ.

IуэхуI и жэрдэмщIакIуэ, Гражданэ жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныдмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор** зэIуIэр къыщызэIуихьи къэтэсэлъхьащ иджыблагъэ зыхэта Урысейпсо форумым КИФЩI-м щыщу щыIахэм «Зэныбжьэгъуагъэ» проектыр я деж зэрыщрагъэкIуэкIым я гугъу зэращIам, КЪБР-м къыщежьауэ щыта Iуэхур адрей лъэпкъхэми къызэрызэдащтам.

- Сыщогугъ проектым ныбжьыщIэ куэд ныбжьэгъугъэкIэ зэригъэуфыдыну, мы Iуэхум гъащIэм къащыхуэсэбэпын дерс щхьэпэ къыхахыну. Щхьэж къызыхэкIа лъэпкъым и фIыпIэр игъэльэгъуэну Iэмал фIиIэщ, - захуигъэзащ КIурашыным ныбжьыщIэхэм.

- Пасэрей хабзэхэр къэгъэщIэрэщIэжьыным зэманым дзыишащ, - пищащ адэкIэ **Канунников Анатолий**. - Ди адэжьхэм акъылышхуэ ябгъэдэлъащ. Зы лъэбакъуэ ячыныдмэ, зыбжанэрэ егупсысырт, арат Iуэху ящIыр къащIехъулIэри. Абы хэм къащIэна хабзэхэр хъугъуэфыгъуэ мыльытэщ. А хабзэ дахэр къэгъэщIэрэщIэжьным илъэс зыбжанэ хъуауэ елэжь управленэм фIыщIэ хуэфащащ. Мы проектым нэхъапэкIэ хэта ныбжьыщIэхэр нобэми зэныбжьэгъуащ, унагъуэкIэ зэкIэлъэкIуэ. Джылахьстэнеймрэ Екатеринградскэ къуажэмрэ дэса зэныбжьэгъуэхэр зэкIэлъыкIуэфын папщIэ тэрчыпсым лъэмыж тралъхьащ. мис апхуэдэ къару иIащ зэныбжьэгъугъэм. Фи насыпыр щыIуэ, узыншагъэр фи бэу хабзэр зыхъумэн щIэблэ фыжьыну си гуапэщ.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ ираташ Сыжажэ Алим.

- Нобэ махуэ лъапIэщ. Тхьэшхуэм дыдэмыщхьу дыкъыщIигъэщIар дызэрыщIыхун, щхьэж диIэ фIымкIэ дыздэгугъэшэн папщIэщ. Зэныбжьэгъугъэм екъэлIа дауэдапщэ куэд ди республикIм къыщызэрагъэпэщ, ауэ нэгъуэщI хабзэ щызэрахьэ унагъуэ ущыхэсым и дежщ а лъэпкъым и хабзэр нагъэсдзуэ къыщыпхуэщIэнур. ФыкъызыхэкIа лъэпкъым, унагъуэм я напщIэу фызэрыщытыр зэщыбымыгъэгупщэ, - жиIащ Сыжажэм.

- Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъ куэд зэгурыIуэрэ зэдзэлуэжу щызэдопсэу. Зэныбжьэгъугъэр куэдым къехъулIэркъым, нэгъуэщI цIыху уи гъащIэм къыхэбгъэхьэу уи хабзэм и дахэмкIэ удэгугъэшэфыныр лIыгъэщ. ЦIыху мыхъумыщIэхэм ящыщыпсоми защыздзэй щыIэщ, насып щэсыпIэ зэи уимыхьэу уи закъуэ упсэу нэхърэ, зэ ущыуэмэ нэхъыфIщ, - жиIащ **Осиповым**.

Мы гъэм «Зэныбжьэгъугъэ» проектым КЪБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ ящыщу унагъуэ 22-рэ хэтынущ. Абы ипкъ иткIэ ныбжьыщIэхэр махуэблкIэ нэгъуэщI лъэпкъ щыщ унагъуэхэм щыпсэунущ, я хабзэм, щэнхабзэм зыщагъэгъуазэу.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КIыщ Мухьэдин и чэнджэщхэр

«Акрополь» нэгузегъэужь Iуэхущ1апIэм щагъэлъагъуэ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэр.

ГЪУАЗДЖЭХЭМКIЭ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджамкIэ и колледжым дизайнымкIэ и факультетым и студентхэм КIыщ Мухьэдин яхутепсэлъыхьащ утыку кърихьа и сурэтхэр зыхьихьэ жанрым, лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуамрэ абыхэм къыщыгъэлъэгъуамрэ. Апхуэдэу студентхэм сурэт щIыныр и щэхуэхэм теухуауэ къата упщIэхэм КIыщым жэуап ираташ икIи лэжьыгъэхэр нэхъыбэрэ хъумэ зэрыхъунум теухуауэ къигъэсэбэп Iэмалхэмкlэ ядэгугъашащ, чэнджэщ щхьэпэхэр ираташ.

КIыщым и менеджер икIи и щхьэгъусэ Мосс Жаклин къыхигъэщащ натюрморт хэр, удз гъэгъахэр куэду кьыхэзрыщ сурэтхэр Мухьэдин гъэмахуэм Испанием егупсысу зэрыщищIар, и гумрэ и псэмрэ ящыщ Iыхьэхэр а лэжьыгъэхэм зэрыхэпхыр.

Студентхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ зи хъэтI зиIэж сурэтыщI цIэрыIуэм и лэжьыгъэхэмрэ абыхэм я тхыдэмрэ. Ныбжьыщ1эхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ Испанием кактус лIэужьыгъуэу миным щIигъу къызэрыщыкIыр, илъэсым кьриубыдэу зэ фIэкIа къэмыгъагъи абыхэм зэрахэтыр.

Жаклин выставкэм кьрихьэлIахэм кIэщIу яхутепсэлъыхьащ КIыщ Мухьэдин илъэс 75-рэ зэрырикъуам и щIыкIыкIэ абы и творчествэм дунейпсо гъуазджэм щиубыд увыпIэм теухуауэ ягъэхьэзырэ «Лъагъуныгъэм и гъуазджэ» монографиер иджыблагъэ Урысейм Художествэхэмкlэ и академием утыку къызэрыщрахьам. Ар и Iэдакъэ къыщIэкIащ философие щIэныгъэхэм я кандидат, Художествэхэмкlэ академием и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ пажэхэм ящыщ Ступин Сергей.

- Зи теплъэр гъэщIэрэщIа тхьыльыр урысыбзэрэ инджылызыбзэкIэ къыдэкIащ. Ступин Сергей кьрихьэлIахэм яхутепсэлъыхьащ ар зэригъэхъэзырам. Пшыхьым щIэныгъэлIэхэр, художникхэр, КIыщым и сурэтхэм дихьэххэр къыщыпсэлъащ. Абы ирихьэлIэу Мухьэдин и лэжьыгъэ щIэжани ягъэлъэгъуащ, - яжриIащ къызэхуэсахэм Жаклин.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым и студентхэм декоративно-прикладной гъуазджэм хьихь я лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ. Ахэр трауХуат щIыуэпсыр хъумэным, къалэм и теплъэр гъэзэфIэкIуэныи. Сурэтыщ цIэрыIуэмрэ Мосс Жаклинрэ жаIащ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым хагъэхъуэну зэрагуапэр, я лэжьыгъэ щхьэпэхэр ягу зэрыдихьар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъуаздж

● КъБР-м и МВД-м къет

ЦIыхубз гъэпцIакIуэхэр

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм мазэ зыбжанэм къриубыдэу районым и тыкуэнтет зыбжанэ къэкIуащ цIыхубз гупым ахъшэр иужькIэ къратыжыну жаIэурэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэмрэ дыжьыныхэкIэмрэ къызэрыщащтам теухуауэ тхьэусыхэну Лей зытехьаэм сом мелуани 4-м нэблагъэ зи уасэ мыльку яфIэкIуэдащ.

ПОЛИЦЕЙХЭМ гъэпцIакIуэхэр къыщIагъэщащ. Абыхэм ящыщу тIур Бахъсэнёнкэ къуажэм щопсэу, зыр Бахъсэн къалэм щыщщ. Мы щыри щIэпхъаджагъэкIэ япэм хабзэхъумэхэм япэщIэхуакъым, ауэ яплIанэм - Урыху къуажэм щыпсэу цIыхубзым япэIуэкIэ и суд ящIауэ щытащ. Абыхэм хабзэншагъэр ялэжьырт, гупу зэгъусэу е дэтхэнэми и закъуэу.

Уголовнэ Iуэхуэр къаIэтащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм иджыблагъэ ягу кьыщагъэкIыжащ курыт еджапIэ №1-м и директору щыта Гулэжын Хьэзрэт. Ар къызэралъхурэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу школым къыщызэрагъэпэщат математикэмрэ спортымкIэ зэхъэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс кьэс екIуэкI зэпеуэхэм хэтащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием хыхьэ Беслъэн къалэм къикIахэри.

КУРЫТ школым и унафэщI къалэныр ипщэ къыдэхуэн и пэ Хьэзрэт математикэмкlэ егъэджакIуэу лэжьащ. 1987 гъэм Къэхъун курыт еджапIэ №1-м и лэжьакIуэхэм Iэлэткlэ Гулэжыныр директору хахуэ щыташ. Математикэр Хьэзрэт фIы дыдэу ищIэрт. Абы и дежь дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу къакIуэрт ириГъаджэу щыта, еджапIэ нэхъыщхьэм къыщрата ёсэпхэр зыхуэмышIыжхэри. Хьэзрэт иригъэкIуэкI класс щIыб лэжьыгъэхэм къалэм кърашурэ сабийхэр кърашалIэрт. ЕгъэджакIуэхэр абы и дерсхэм къакIуэурэ щIэст - егъэджэкIэм хуёджэхэрт.

Школ унафэщI Iэнатlэм пэрыхьэн и пэ къихуэу Гулэжын Хьэзрэт классым и унафэщIу лэжьащ. Шэч кьытумыхьэу жыпIэ хъунущ абы и нэIэ щIэт гупым адрейхэр псори ехъуапсэу зэрыщытар. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэни къанэрэтэкъым Гулэжыныи и сабийхэр зыплъыхьакIуэ е нэгузегъэужь имышэу. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныращи, абы и классыр къанэ щымыIэу пщэдджыжьым сыхьэтиблым ирихьэлIэу Хьэзрэт и унэм къыщыгъэзэхэрт. Пщэдджыжь зарядкэм иужькIэ ахэр зэгъусэу волейбол е футбол джэгуэрт. ИтIанэ сабийхэр я унэхэм зэбгрыжьыжхэрт, пщэдджыжьыхэ ящIырти и чэзум ирихьэлIэу егъэджапIэм екIуалIэрт.

Школ кIуэцIми школ щIыбми Хьэзрэт ныбжьэгъу куэд щиIащ. Ауэ абы и ныбжьэгъу нэхъ гунэгъуу ситым дежи щытахэр и классэгъуэхэращ. ФIэщщIыгъуейщ, ауэ наIуэщ: илъэс 40-м щIигъуауэ зэныбжьэгъуэхэр махуитI-щы кьэс зэхуэсыртэ, зы зи и деж, зэ адрейм и деж. И нэхъыбэм щIэзэхуэсыр Хьэзрэт и унагъуэрат. Зэныбжьэгъуэхэр зэдзэIэпыкъурт, щIэгъэкъуэн зэхуэхъуэхэрт. Хьэзрэт зэгъэджакIуэ къызэрыгуэкIыу щыIэжьами, школ директору щыщIатами пщIэщхуэ иIэт. Иджыпстуи абы и классэгъуэхэм ар ящыгъупщакъым, сыт и лъэныкъуэкIи и унагъуэм щIэгъэкъуэн яхуохьу икIи зи унафэщIу щыта курыт еджапIэм илъэс кьэс щеIуэкIуэкI абы и фэеплъ зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтхэщ. Гулэжын Хьэзрэт щIыхь къызэрымыкIуэт - математикэмкlэ егъэджакIуэ зэчифIэт, хэкупсэт, унафэщI Iущт, илъэс плъэ щIыхут. Апхуэдэхэр псоми яцIыхун хуейщ икIи зэи ящыгъупщэ хъунукъым.

Гулэжын Хьэзрэт и фэеплъ махуэм кьекIуэлIащ икIи псалъэ гуапэхэр щыжаIащ КъБР-м и Жэлаегуэ палатэм хэт Бажэ Дотий, Къэхъун курыт школ №1-м и директор ХьэхъупащIэ Iэмин, «Гармония» егъэджэныгъэм зегъэужьыныкIэ фондым и лIыкIуэ Тхъэщыгуфь Элла, Хьэзрэт и классэгъуу, и ныбжьэгъуу щыта Жэмыхъуэ Руслан, Осетие Ищхъэрэ-Аланием къикIа гупым я пашэ Гуцинаев Олег, егъэджакIуэ зэчифIэм иригъэджахэр. Хьэзрэт и къуэш Гулэжын Беслъэн фэеплъ махуэм кьекIуэлIахэм фIыщIэ яхуищIащ и къуэшым и пщIэр, и фэеплъыр зэрахьымэм, къызэринэкIа лэжьыгъэ кулпщIафIэхэр къызэрагъэзэсэбэпым папщIэ.

Курыт школым и директорым и фэеплъу концерт къызэрагъэпэщащ. Гулэжын Хьэзрэт и фIэфIу щыта «Виноградная косточка» уэрэдыр абы щыжиIащ еджапIэм и иджырей унафэщI Хьэхъупащ1э Iэмин. Жьауэхэр яIыгъыу кьафэ къагъэлъэгъуащ щIыпIэ сабий садым и гъэсэн щIыкIуэхэм, школым и еджакIуэхэм уэрэдзэхэр ягъэзэщIащ.

ВолейболымкIэ екIуэкIа фэеплъ зэхьэзэхуэм хэтащ Нарткъалэ, Аруан щIыналъэм хьихь къуажихым щыщ командзэхэр, Къэхъун курыт еджапIэ №1-м и гупыр. Ялэ увыпIэр яубыдащ хэгъэрейхэм я командэм. Абыхэм къакIэлъокIуэ Беслъэн къалэм и волейболистхэмрэ Шэрэдж Ищхъэрэм и гупымрэ.

Математикэмкlэ олимпиадэм хэтащ Аруан районымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ щыщ еджакIуэ 18. Абы пашэ щыхьуащ Нарткъалэ дэт лицей №1-м щIэс Тэрчокъуэ Сэлим, Шэрэдж Ищхъэрэ щыщ Гъубжокъуэ Заринэ етIуанэщ, Псыгуэнсу и школ №1-м щеджэ Мыз Елдар ещанэщ.

Шахматхэмкlэ зэпеуэм хэгъэрейхэр нэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ Беслъэн къалэм къикIа хьэщIэхэм нэхъыр.

Зэхьэзэхуэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ кубокхэр, грамотэхэр, медалхэр, ахъшэ саугъэтхэр ираташ.

Фэеплъ махуэм кьекIуэлIа псори Гулэжын Хьэзрэт и щIэкIэ хьалэтэ ерыскъыхэмкlэ ягъэхьэщIащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Куэдым фIыуэ ялъэгъуа Гулэжын Хьэзрэт

● Фэеплъ



Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

ГъащIэм куэд къыщохъу

● «Адыгэ псалъэм» къатх

Дэтхэнэ газетми псэуэ Iутыр и щIэджыкIакIуэхэрщ. Абыхэм къабгъэдэкI чэнджэщхэмрэ тхыгъэ купщIафIэхэмрэщ газетыр газет зыщIыжыр, махуэ къэс къэтщIын хъэрфхэм зыгуэр къызэрыпэлъэр ди - гу иримыгъэхуу, лэжьыгъэм дытезыгъэгушхуэр. Илъэс куэд хъуауэ «Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъу пэжу къэкIуэкI Кэнжэ къуажэм щыщ Къэзанш ФатIимэ, гъащIэм къыщыхъуа хъыбар гъащIэгъэн ити зи тхыгъэ къыпIэрыхьар. «Мыпхуэдэ хъыбархэм «Адыгэ псалъэм» сыщоджэри, - къытхуетх ФатIимэ, - си гугъэщ сэ зэхэсхари газетеджэхэм щIэщыгъуэ къащыхъуну».

СЭ ФХУЭСIУЭТЭНУ хъыбарыр шыпсэм ещхьми, Iуэхур зи нэгу щIэкIащ къысхуэзыIуэтэжар. Зи гугъу фхуэсщI унагъуэр дахэу, бынищ зэдапIу, зэгурыIуэрэ зэдзэIуэжу псэурт. Ауэ бэлыхьыр къызэдикIыр умыщIэу къакIуэркъэ? Апхуэдэу ми сабийхэм я адэр лъэпощхьэпо гуэр хэхуэри анэр Iэнатlэ гугъу Iуябат. Илъэс фIэкIа мыхъуа и бын нэхъыщIэр къигъэнэу пэжыапIи дэкIыфыртэжьым. Апхуэдэ зы махуэщ «ЩIэныгъэ диIащэрэт» щыжаIэр. Унэм щыхуэзфIэгъэкIын лжжьыгъэ щигъэзащIэурэ бынкэр зыхуэИ хуигъэзэн щIидзащ.

Ауэрэ илъэсыщIэр кьоблагъэ. Пщэдджыжь гуэрым унагъуэр къаз кIий макъым кьегъэуш. ЩIэкIрэ плъэмэ, я хадэм кьаз итщ кьэлъэтауэ. Ар зейр кьигъуэтыну, унэгуащэр хьэблэми кьуажэми щыщIоупщIэ, ауэ зыми, фIэкIуэдакъым. ГущIэгъу зыхэль гъэнэгъуэнэу пэжыапIи дэкIыфыртэжьым. Апхуэдэ зы махуэщ «ЩIэныгъэ диIащэрэт» щыжаIэр. Унэм щыхуэзфIэапхуэдэ щIыхут ар? Зейр къыкъуэкIыным ежьэурэ, махуиплIкIэ игъэшхащ, къыщIэмыупщIэIауэ, къаэри мыльтэжму.

Пщэдей хуэдэр илъэсыщIэу, хьэблэм трагъэгушхэри, щIыхубым къазыр хуфIагъэжж. Ар ефыщIри, игъэвэну хелъхьэ. «Иджы ваш, къыхэсхъыжынщ», - щыжиIэм, куэбжэм зыгуэр къытоуIуэ.

КъыздэкIмэ, машинэ псынщIэ щытщ. Рулым лIыр бгъэдэсщ, фыщэр, куэбжэм Iутщи, «Фи деж къаз къэпсэта?» - жи. «Къазэр ваш, хьэзырщ, къэпщтэж хъунущ», - жеIэ емыкIуэм зэрыIэщIэкIам щыгуфIыкI унэгуащэмэ, хьэщIэр унэм щIешэ. Къазыр шыуаным щхрахауэ щIахьыж пэтрэ, сабийхэр пщэфIапIэм къыщIолъадэ. «Сабиищ уиIэу ара?» - щIоупщIэ цIыхубзыр, тIэкIу къэгуэзвауэ икIи къазыр кьрехьыжри, и нокъуэр унагъуэм кьахуегъанэ.

Благъэхэм языхэз къыщIекIуэкIам, машинэр ІуякIыжакIэт. Абы и ужь иту ныбжьэгъуэхэр къыщIохьэ, сабийхэм илъэсыщIэ саугъэт куэду кьыхуахьри. Унэгуащэр дыхьэшхырэ къазым и хьэбарыр яжреIэж. «Тхьэ, уэ уодыхьэшх, - жи и благъэ цIыхубзым, - сэ си гъын къэбгъэкIуам». Абы кьрихьэлIа зы гъунэгъу щIалэ асыхьэтым щIокIри, гъунэгъуэм уэрщэрын ямыух щIыкIэ кьегъэзэж кьазитI Iэщ1эльу. Ахэр Iэнэм кьытрипхьэщ, сабийхэм закъыхуигъэзэри: «Мис мыкэр лъэтэжмэ, си Iуэхущ!» жиIэри щIэкIыжащ.

Абы лъандэрэ зэмани дэкIащ, бынхэр къыздэкIуэтейщ, унагъуэри зэтеувэжащ. Ауэ илъэсыщIэ кьазхэм я хьыбарыр хьэблэм тхыдэу къыдэнащ.

КЪЗЗАНШ ФатIимэ.

Кэнжэ къуажэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ШIхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныдмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм языкъэхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъэуауэгъуэм и 14-м Печатным и хэтныныгъэр зэхуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня,** *редактор* **Жылаесэ Маритэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.), Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1866